

KUNYARA

 Mazvita, Hama Neville. Muropafadzwe!

Mangwanani, vashamwari. Zvakanaka kuva pano mangwanani ano. Uye ndinofunga kuti ndaita...Ndinoita zvokupindira panguva yeHama Neville. Vagere kumashure uko vaine, vachigadzirisira mharidzo yavo; zvino pandapindamo, ivo vabva vatanga kupeta mapepa avo emharidzo, ndokuti, “Zvaringana...”

² Zvinondirangaridza makore akapfuura. Kwaiva nehama yechitema zasi kuno, yainzi Hama Smith, neHanzvadzi Cross. Vaive shamwari dzangu dzakaisvonaka. Zvino ndaiti ndichipinda muruvako manheru, mutana uyu aiwanzo... Waiva nendebvu dzepamusoro pemuromo dzakachena. Handizivi kana paine mumwe wenyu anovarangarira, kana kuti kwete. Zvino vainge vari papuratifomu, munoziva. Uye vose vanenge vachiimba, “Inzira Huru YeKudenga.” Zvino Hama Smith, vaigara sezvizvi, munoziva. Zvino ini ndaipinda napamukova weshure.

³ Paiva nekamwe kasikana kadiki, kakange kari katema-tema, kaiwanzogara mukona. Kaibva katanga kuwombera maoko ako, kachiti, “Musimudzirei mudenga,” chimbo chiya, munoziva. Vakaisa kamuumbiro kavo pachiri, munoziva. Zvino neche mune imwe kona, poita mumwe munhu, aiti, achidaidzirazve, “Musimudzirei mudenga.” Saka, ndizvo zvavaiimba kana ndapinda napamukova. Ndinozoda boka revanhu ivava.

⁴ Zvino mutana Hama Smith vagere kumashure uko, zvishoma, munoziva, uye vaive munhu akati nyararei. Vaibva vati, “Pindai, mukuru, zorodzai nguواني yenyu.” Kwete “imi zororai”; “zorodzai nguواني yenyu,” maona. “Pindai, mukuru, zorodzai nguواني yenyu.” Vaikwira kumusoro uko, zvino, ndaiona namatangiro avaiita, kuti ndapinda padambudziko, munoona.

⁵ Vaiti, “Zvakanaka,” voti, “vana, munoziva,” voti, “Nda-ndanga ndigere pano ndichingofunga, ‘Ishe, Muchandipei chokutaura?’” Ndokuti, “Va—Va—Varamba vachingozunguza musoro waVo, vachizunguza musoro waVo kwandiri. ‘Handisi kuzokupa chokutaura.’” Ndokuti, akati, “Ndaona Mukuru Branham achipinda nekumashure uko, zvino ini ndikati, zvino, ‘Ishe, ndatanga kurangarira...’” Saka, ndainge ndatopinda padambudziko!

⁶ Hama George Wright, makadini, hama? [Hama Wright vanoti, “O, zvakanaka. Chokwadi.”—Mupepeti.] Muropafadzwe, Hama Wright! Zvedi. [“Hama Elijah vari kumashure uko.”]

O, ndizvo here? Hama Elij' Perry, vati, ari kumashure uko. Muri papi, Hama Elij'? Handisati ndavaona kwenguva... Nhai, imi, wee! Zvino tinofanira kuva nemusangano chaiwo pano! Elij' Perry, George Wright, nevamwe vatana vakare vakanga vari pano apo waitopotsa wabata mahwindo panzvimbo yawo, namawoko edu, mhengo ichivhuvhuta. Zvakanaka kukuonai! Amai, Hanzvadzi Wright vanemi here? Hanzvadzi Wright vari muno here? Vari kumashure ukowo, zvakare. Hongu, changamire. Saka, zvakaisvonaka! Hanzvadzi Perry, ndave kuvaona vose zvino. Saka, zvakaisvonaka. Zvakanaka kuva muno. Zvakanaka kugara munzvimbo idzi. Zvakanaka kuva pamwe chete.

⁷ Ndanga ndaronga, zvakanyanya, kuti ndidzoke; ndakaremerwa mumoyo. Ndichangodzoka kubva kuAfrica, sokuziva kwenyu mose. Pandakasvikako, vhiza rangu rakanga rakaganhurwa, uye vakandirambidza, vakandirambidza kuparidza nokuti paizoungana vanhu vakawandisa. Vari kutarisira kuva nechimurenga nenguva isipi, uye—uye va—vakaramba kuti ndiparidze nokuti panozoungana vanhu vakawandisa. Nzira yoga yandaizokwanisa nayo, zvaitatora rimwe sangano rinomiririrwa nehurumende, muhurumende, kuti rindikoke, zvararo zvaibva zvareva kuti hurumende yaizotumira mauto anochengetedza. Munoono, vari kungo... Kuchava nechimurenga, uye ndizvo zvazviri. Zvatova pedyo, munoono. Murume wemuhurumende akati, “Paakapedzisira kunge ari kuno, akaunganidza pamwe chete boka revanhu vakawanda chikamu chechina chemiriyoni.” Uye akati, “Saka, munoono, ndicho chaicho chinhu chiri kutsvagwa necommunism, kuti pave nekumukira hurumende.” Saka, handina kukwanisa kuparidza.

⁸ Vanhu vaya vakamirapo, vachisimudza mawoko avo, vachichema, “Rangarirai amai vangu! Rangarirai, mukoma wangu akafa! Wangu...” Ipapo, vari seri kwemuganhu, munoziva, muganhu wewaya, uye zvinokuita kuti uve nemanzwiwo akashata. Zvino ndakadzoka kumusha.

⁹ Zvino ndakafunga, “Zvakanaka...” Mwanakomana wangu, Joseph, ari kumashure uko, anga ati dererei zvishoma pakuverenga kwake. Zvino akanga... Akapasa hake zvakanaka, asi aitofanira kuzviita; akanga asiri kuverenga zvakanaka. Saka ndakafunga, “Zvakanaka, tichati garei kumba kwekanguva.” Uye ndikati, “Kana tikagara kumba, zvichavhiringidza zororo revana.” Nokudaro takazviisa panguva dziri mberi, zvino ndokumurongera chimwe chikamu munaNyamavhuvhu, ndokurega... ndodzoka kuno kwemavhiki anoita, matatu.

¹⁰ Ndakati, “Ndinotenda, patinenge tadzokera ikoko, ndichangotora tova nemusangano. Tichatora odhitoriyamu yepachikoro chiri kumusoro kuno, zvino—zvino tichava nomusangano kubva musi wa twenty-eight kusvika musi

wokutanga, musangano muodhitoriyamu yepachikoro. Ndanga ndichida kuparidza pamusoro pekudururwa kweNdiro dzamatenda nomwe dzokupedzisira.” Zvino takafanobvunza, tikawana kakusafara. Havachada kuti tishandise zvikoro izvi zvachose, nokuti vanhu vazhinji vanouyako. Hakuchina kumwe kwatinogona kuwana. Nokudaro ndafunga, ndiri seri uko kuti, pachinhambwe chokuti . . .

¹¹ Hatikwanise kuisa vanhu vose, kana tikashamba- . . . Hauna kumboshambadzirwa, zvino. Saka kana tikaisa vanhu vose, tikaedza kuvaisa mutabhenakeri muno, hataimbogona kuzviita. Munoono, zvakanona . . . mazuva mashanu tiri muno zvinenge zvisina kunaka.

¹² Saka, ndigere umu ndichitaura neHama Neville neHama Woods, nevamwe, izvi ndizvo zvatafunga kuzoita. Kana tikatadza, neimwe nzira, zvichatiita kuti tive nemasevhisi mashanu; nomusi wa twenty-eight, twenty-nine, thirty, thirty-one, na one. Zvakanaka, ndinonzwa kuti kana tikava, zvichitanga paSvondo inotevera, tinogona kuva nemasevhisi maviri, Svondo mangwanani neSvondo manheru, nomusi wa eighteen. Uye nomusi wa—nomusi wa twenty-five, toita Svondo mangwanani neSvondo manheru. Ava masevhisi mana. Zvino nomusi wa 1 Nyamavhuvhu, toita Svondo mangwanani neSvondo manheru. Izvozvo zvinotipa masevhisi matanhatu, uye hazvizoita kuti vanhu vamanikidzane pavanopinda. Ndinofunga kudaro.

¹³ Hamufungi here kuti izvozvo zviriri nani pane kuva nevanhu vose vange vakaungana uye vakadzvinzirirana, nezvose? Zvino zvikangodaro kwemasevhisi maviri iwayo, tinokwanisa kuzviita, asi munhu wose anenge akamanikidzika. Kweusiku hushanu, hwakatevedzana, zvinenge zvakanwoma.

¹⁴ Zvino ndinoda kuita musangano namatirastii nevakuru vari pano, ndichiri kuno.

¹⁵ Izvi zvave kuitika kwese-kwese. Tiri kurarama mumazuva ano okupedzisira, apo Vhangeri harichina chichinzvimbo chekutanga chaRinofanira kuve nacho. Harichina kodzero dzaRinofanira kuve naro. Zvangothenganiswa mune zveematongerwo enyika nezvimwe, uye sekungova mubatanidzwa. Ndizvo zvazvichaguma zvave, nokuti munembo wechikara unofanira kuuya nemubatanidzwa, tinozviziva. Saka isu—isu . . . Nokuti, kuisa zvirango zvinodzivisa, “hapana munhu anotenga kana kutengesa, kunze kweuyo ane munembo wechikara.”

¹⁶ Zvino ndiri kuda kuwana kunzwisisa, kubudikidza nevakuru. Ndiri kunzwa kutungamirirwa. Handisati ndakamboita nzara yakadai mumoyo mangu yokuda Mwari, muhupenyu hwangu hwose, seyandiinayo zvino, munoono. Nokuti . . . Zvino ndi—ndinoda kuva netende rangu nezvinhu

zvangu—zvangu, sezvo Ishe vakandipa chiratidzo kuti ndidaro, uye ndinotenda kuti nguva yava pedyosa. Zvino ndinoda kuona ndichiri kuno, chingatidzivise kuwana tende.

¹⁷ Zvino—zvino kana toenda, sokunge kuuya kuno kuJeffersonville, panzvimbo yokuva nezuva rimwe kana maviri, kana mazuva matatu kana mana, tinogona kuenda kunze uko tonodzika tende iri, tova nemasvondo maviri kana matatu, muri kuona, uye ipapo hapana anowana chokutaura pamusoro pazvo. Tinogona kuenda munhandare yebhora, kana, kana vakatinyima iyoyo, pane mumwe murimi kunze uko anotitendera kushandisa purazi rake. Tinenge tichirenda kushandisa purazi iri uye—uye tobva taridzika. Chinhu choga chatinozoita ikoko, kuvaka zvimbuzi zvedu—zvedu, nezvakadaro, zvekuti tizoshandisa. Izvozvo zviri nyore kuzviita. Zvino tinobva tatanga kuva nemasevhisi saizvozvo nokuti zvinoenderana nechiratidzo chakabva kunaShe, uye zvinofanira kuitwa nenzira iyoyo.

¹⁸ Ndichiuya, nezuro, ndichiona, munoziva, *izvi*, *izvo*. Zvino ndakanga ndichikwira nenzira, imwe shamwari yangu yakanaka yaifambamo, akati, “Kaziwa, Billy.” Ndakamutarisa, vhudzi kuchena semazaya echando, dumbu *kudai*. Mukomana uyu ndewe zera rangu. Taitamba tose, ari mujaya akarurama pachiso, pandaive mudiki. Zvakandipa mamwe manzwiro asingazwisisiko.

Mwanakomana wangu muduku, Joseph, akati, “Sei makasuwa nhai, Baba?”

¹⁹ “O,” ndikati, “Handikwanise kukutsanangurira, Joseph. Unoona, handigoni, handikwanise kukuudza.”

²⁰ Uye ndikatarisa Elij’ Perry agere kumashure uko, naMai Perry; zvinoita sokunge zuro uno vari vaviri vaiva nevhudzi dema mumusoro ikoko, vachigara vari vavakidzani vangu, apo pataiva neigwa tsaru, Wahoo, uye zasi murwizi tairaura usiku. Tiri kuvaona vari vaviri vachena musoro, munoziva, zvine zvazvinotaura, kamwe kabhero kadiki kanobva karira, “Hauchina nguva yakawanda.” Maona?

²¹ Nokudaro, ndinoda kuti zuva rose rehupenyu hwangu ndiraramire Iye. Ayo andasarirwa nawo, nguva yandiinayo, ndinoda kuipedzera pane imwe nzvimbo ndichiita chimwe chinhu, kungava kana kumira pakona penzira, ndichipupurira kubwinya noruremekedzo rwaMwari. Zvino ndi—ndiri pano nokuda kwechinangwa ichochi.

²² Zvino ndine nzvimbo yangu duku yakavanda kumusoro kuno kuGreen’s Mill, Indiana. Harisi guta, zvino, i—irenje. Uye pane vamwe vanhu vave varidzi vapo, uye havakutenderi kana kuisa rutsoka rwako pariri. Asi ndine bako imomo rokuti haandiwane kana ndapindamo. Ndinoendako nguva dzeusiku, uye haatombozivi pandinopinda nepandinobuda. Uye haazive pane bako racho, uye haakwanise kusvika kwariri zvisinei

kuti riri papi. Zvino ndinoda kuendako ndinotaura naShe, kwechinguva, ndinonzwa kuti zvakafanira.

²³ Mudzimai wangu, ari kuda kuuya, ari kuda kudzoka achizoshanya, naRebekah naSarah, nevamwe, kushamwari dzavo. Zvino tadzoka kuno kwemasvondo matatu anotevera, kana Ishe vachitendera.

²⁴ Uye ndinofunga, panzvimbo yokuedza kumbandikidza vanhu pamwe chete, pamisangano yepano patabhanekeri... Sezvo, iyi ndeyedu, ndeyaShe, vakatipa. Uye ine muchina unoisa mhewo inofefetera. Ndinoda kuva nesevhisi Svondo mangwanani, nesevhisi Svondo manheru. Zvinoita kuti vanhu vadzokere kudzimba dzavo, vomirira kusvikira svondo rinotevera.

²⁵ Handifunge kuti ndingatore ne—nekunyatsoita basa nemazvo pakudururwa kweNdiro dzamatenda dzokupedzisira, nokuti mune Mharidzo huru, huru kwazvo madziri. Asi ndinogona kunamatira varerwe, nokuita zvinhu izvo...ndine Mharidzowo, zvakare, sokupiwa kwandichaitwa naShe, dziri dzechechi. Nemusvondo rose, ndichaenda murenje pane imwe nzvimbo ndichinonzvera, ndozodzoka neSvondo mangwanani, ndova nesevhisi yeSvondo mangwanani sezvizvi, nesevhisi yeSvondo manheru. Mufundisi vedu vaduku vane nyasha, Hama Neville, ndavabvunza kana vachigutsikana nazvo. Zvinoziva kuti masevhisi avo ose kubva kwavari, asi ivo nomufaro muzhinji vaapereka ku—kune izvozvo. Ndango...

²⁶ Hama Capps, ivo, ndinofungidzira, vane denda rokutamata-mawo, zvakare, uye ndiri kuona kuti vatoenda, ne—neHama Humes. Zvino Ishe vaita kuti Hama Mann vari pano kuti vauye vavatsive, chinzvimbo chavo. Munoziva, hazvishamise here nzira iyo Mwari anoita nayo zvinhu? Ivo nguva dzose vane zvinhu zvose zvakarongwa zvakanaka munguva yazvo. Pandauya ndanzwa mumwe munhu achiparidza. Ndikati, “Izvi hazvi...ndinotenda...”

²⁷ Hama Capps, vakauya kuTucson, zvino ndinofunga kuti nokukasika hakuna kuvaitira zvakanaka, kwaipisa zvaida kusvika madhigirii one hundred and ten. Havana kuda kuwana chokuita nezvakadaro, saka vakabva vaenda, ivo neHama Humes, ndokuenda kumusoro kuPhoenix. Nokuti, ikoko kunopisa one hundred and fifteen kusvika one hundred and sixteen, one hundred and eighteen kumusoro ikoko. Zvainge zvichakangoipisisa, nokudaro ndinofunga kuti vakaenda kuTexas shure kwezvo; vari, kuedza kuwana nzvimbo.

²⁸ Haudi Arizona nguva ino yegore, ndinokutaurira. Kwakanga kuchipisa one hundred and forty, pane rimwe zuva, Chishanu chapfuura, kwaiva madhigirii one hundred and forty, paParker. Ndiko uko Hama Craig, wechechi ino, kwaanogara. Zvino unogona kupwanyana zai, rigofanoibva risati rasvika pasi. [Hama

Branham vanoseka—Mupepeti.] Iwe, ukasvipa mate zvino—zvino hunyoro hunopera, zvakango. . . Hakuna hunyoro kana zvachose, ihovhoni chaiyo yekubikira nguva dzino dzegore. Asi kubva semuna Mbudzi, Zvita naNdira, kwakaisvonaka. Asi mukasvika muna Kurume naKubvumbi, wotobva zvako kana usingade kufa nokushaya mweya.

²⁹ Zvino Hama Capps nevamwe ndiyo nguva yavakasvika, iyo yandinofunga kuti ndiyo yakavadzanga. Saka zvichida Mwari vane chinangwa chavakazviitira. Ndiri kuzvitenda, kuti Mwari vanotungamirira tsoka dzevatsvene. Pane dzimwe nguva zvinoita sezvakaoma.

³⁰ Sezuva riya parwendo urwu rwekuAfrica, ndaiva nechokwadi chokuti ndaive ndichifamba ndiri mukuda kwaMwari. Nokuti, gore rakange rapfuura, ndakanga ndiri zasi kuChamhembe, ndiine misangano yaitevedzana, zvino, vaka—vaka, ndakafunga. . .

³¹ Zvichibva kune sangano riya, vakati, “Unogona hako kuuya, nemuboka reChristian Business Men, asi isu tinenge tisisina chokuita nazvo.”

³² Zvakanaka, ini handidi kukandira varume ava mazviri, munoziva, kuti vapesane. Ndi—ndinoda kuti vanzwe zvakanaka mumwe kune mumwe. Saka ndakangoti, “Zvakanaka. . .” Ndakavanyorera tsamba, ndikati, “Rangarirai, kwava nemakore akawanda ndichiedza kupinda muAfrica, zvakare, ndichinzwa kuti shumiro yangu haisati yapera muAfrica. Handina. . .”

³³ Ndinoenderei kuAfrica, apo ndiine maguta mazana matanhatu, manomwe muno muUnited States, vari kudana, murikuona, imo muno chete, pasina kusiya Canada, Mexico, kana imwe yenzvimbo idzo? Ndinodirei kuenda ikoko? Asi chimwe chinhu chiri mumoyo mangu, chinondidhonzera kuAfrica. Ikoko, vanhu ivavo, pane—pane chimwe chinhu pamusoro pavo, chandinoda, uye ndiri kungoda kuendera vanhu vatema bedzi. Pane chimwe chinhu chiri mune vakawanda vavo, vatungamiriri, havanzwe kuti ndinofanira kudaro. Ndi—ndinoda kuenda kushamwari dzangu dzechitema. Ndiko kwandakadanirwa naShe. Uye zvino vane zvishuwo. Vazhinji vevanhu ava, vachena, vanogona kuenda kuna vana chiremba nezvose. Asi avo vechitema vanonzwisa urombo vanogara ikoko, vapera nokuora. Ndi—ndi—ndinonzwa kuti ndivo vanoita sokunge vanoZvigamuchira. Ndivo vacho. Pane chimwe chinhu pazviri.

³⁴ Ukasvika pachinhano chokuti, wachenjera zvokuti wave kuziva zvose, zvadaro Mwari hapana chaanogona kuita newe. Asi ukasvika panzvimbo yokuti wakagadzirira kuterera nokudzidza, zvadaro—zvadaro yave nguva yaMwari, yaanogona kuuya otaura newe.

³⁵ Saka ndakavanyorera tsamba ndichivapindura, ndikavataurira. Zvino ndikati, “Rangarirai, neZuva reKutongwa, regai mawoko akaita samapfupa asveverere kubva muchiutsi, achikupomerai! Ropa ravo rive pamusoro penyu, kwete pandiri, nokuti ndakaedza kwemakore gumi kuti ndidzoke.”

³⁶ Zvino ndakati ndatumira tsamba, ndakadzoka, Chimwe chinhu chikati kwandiri, “Ona Sidney Jackson, enda unovhima.” Zvino, panguva imwe cheteyo, Ishe vakataura naSidney Jackson, kuti, “Shumba yezenze rakatsvukuruka, Hama Branham vaine musasa musango; Durban, musangano mukuru.”

³⁷ Saka, akanga ari kuno, uye akataura nemi kuno. Munozivei, takabhabhatidza...Airwisa zvikuru rubhabhatidzo urwu rwemuZita raJesu Kristu. Uye mudzimai wake aitomudarika, aibva atongofamba achienda. Waigona...Ndiri kukuudzai, handisati ndakamboona vanhu vakazvipira zvakadai. Vane vashumiri vanenge zana nemakumi mashanu ikoko, vakabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, uye vari kupisa nyika yose. Mharidzo yave kutsvaira Africa, kwese-kwese, vatyairi vendege nevanhu vakuru vari kuuya, vachibhabhatidzwa muZita raJesu Kristu.

³⁸ Saka ini, pandakatanga kuendako, ndiri kukutaurirai, handisati ndambowana dambudziko rakadaro muhupenyu hwangu hwose, ndichiedza kuti ndiendeko. Zvino pava panguva yokupedzisira, panguva yokupedzisira kuti ndichienda, pakanga pakanyorwa pamusoro pevhiza rangu, “Haukwanise kuzoshumira pose panechokuita nezvekunamata; unogogona bedzi kuuya kuzovhima.” Saka, zvadaro, wakanga watarwa semutemo.

³⁹ Asi ndakati, “Handina basa nezvinoitwa nadhiyabhorosi, ha—handikwanise...handikwanise kusimbisa zvakataurwa neHama Jackson zveshumba yezenze rakatsvukuruka, neizvi, izvo, kana nezvimwe. Ha—handikwanise kuzvisimbisa. Asi ndinoziva kuti Mwari vakandiudza kuti ‘ona Sidney Jackson, moenda kunovhima.’” Zvino ndakati, “Ndiri kuenda.” Zvino dzimwe nguva...Zvino ndakazova neimwe yenzendo yakakura kudarika dzose.

⁴⁰ Ndakazoona kuti dambudziko raive rei. Iye zvino ndinofunga, neche muna Gumiguru, Ishe vachitendera, ndinogona kudzokera ndova nomusangano nezvose, nokushanda pamwe zvizere, nezvimwe zvose, munoona, muAfrica zvino. Ndakadzika ndikasvika pahudzamu hwayo uye ndikaona paiva nenyaya yacho, chakazvikonzera. Kumusoro kuno, vachinyora, uyu ane *ichi* chokutaura, uye mumwe ane *zvimwe* zvokutaura, uye *uyo* ari uko. Chinhu chakanakisa chokuita, enda unozvionera, wega. Zvino ndinoziva pakava nedambudziko, uye nechikonzero chacho; raive rokuungana pamwe chete kwevanhu

vakawanda, hurumende haina kuda kunditendera kuti ndive nako.

⁴¹ Zvino kana veChristian Business Men kana rimwewo sangano, richazotiunzamo, hurumende pakarepo...nokuti isangano rinomiririrwa nehurumende, hurumende inotumira mauto anochengetedza. Pakava navarume makumi maviri nevashanu vanobva musangano rimwe, makumi maviri nevashanu vanobva mune rimwe, kunyangwe zvakadaro havazvigamuchire. Anofanira kunge ari mu—mukuru wesangano iri. Zvino veChristian Business Men ibato risina warinosarudza rinomiririra machechi ose. Chiremba Simon, mukuru wavo ikoko, murume akaisvorurama, ndakasangana naye ndikakurukura naye. Zvino vachange vachitora misangano iyi, machechi ose achauya pamwe chete. Maona? Uye ndinotenda kuti tichava nomumwe wemusangano mukurusa wakambova mu—muAfrica.

⁴² Asi zvandaireva ndezvizvi, kana uchiziva kuti u—uri kuedza kuita zvakanaka. Chokutanga ndechokuti, kana ukanzwa kutungamirirwa kuita chimwe chinhu, chinzvere neShoko uone kuti chinoenderana here neShoko, kana zvadaro ngapashaiwe chinokumisa. Hazvina basa kuti dhiyabhorosi anokukandira mavhiri mangani munzira, chingofamba chete nepamusoro pawo.

⁴³ Ndakaudza mudzimai wangu uye ndikaudza Hama Wood, pandakasvika kuno, nedzimwe shamwari dzandakasangana nadzo nezuro: Ndava namakore pano anenge mashanu apo ndanga ndisiri kuziva zvokuita. Yanga iri yeku—yekusagadzikana...Munoona, rumutsiro pacharwo, pakati pamachechi, rwakafa. Munhu wose anozviziva. Unozvinzwa muno muTabhenakeri. Unongozvinzwa kwese-kwese. Pane manzwiwo akatonhora, ekufa chaiko. Pane chimwe chinhu chisina kumira zvakanaka. Nokuti mufaro weshungu dzerumutsiro hausisipo pavanhu. Pinda mumachechi, unovaona vakagaramo. Ipapo mufudzi ari kungotsvanzvadzira achitsvaka mharidzo nezvimwewo zvakadaro. Zvino chinhu chokutanga munoziva, akazopedzisira ave pane zvepati iyo yavaizova nayo, kana zvimwewo. Zviri kuita sokunge pane kutonhora kwerufu kwese-kwese.

⁴⁴ Billy Graham ari kuzvicherechedza; Oral Roberts. VaAllen vakava nedambudziko, sokuziva kwenyu. Oral Roberts ane zvivakwa zvemamiriyoni makumi mashanu emadhora, nezvimwe zvakadaro, imomo. Ane chikoro. Uye, saka, hakuchina achiri kuenda kunze zvino.

⁴⁵ Ndakabva pano, nechiratidzo, kuenda uko kuTucson, kunoona izvo Mwari vaida kuti ndiite. Ikoko Vakasangana neni kumusoro ikoko, sokukuudzai kwaVakaita pano kuti Vaizozviita, zvino chimiro cheNgirozi nomwe, ndokuti

ndidzokere uye Zvisimbiso Zvinomwe zvaizozarurwa. Ndzivo chaizvo zvakaikita.

⁴⁶ Akati, nerimwe zuva ndine Hama Woods paakauya ikoko, takaenda kunzvimbo imwe chete, ndokukanda dombo mudenga, rikadzika, Akati, “Mukati mezuva neusiku humwe, mucha . . .” Mamwe, ndakanganwa mashoko acho chaiwo. “Muchaona kubwinya kwaMwari.”

⁴⁷ Zvino zuva rakatevera, chamupupuri chakadzika kubva muchadenga, uye tinoziva nyaya yezvakaitika. Pachakakwira mudenga, vakabvunza kuti chakanga chiri chii. Ndikati, “Chataura mashoko matatu, mukutinhira kukuru kutatu.” Varume vakangonzwa kutinhira. Ndakanzwisisa zvaZvakataura. Zvikanzi, “Kutongwa kwarova Mahombekombe eMadokero!” Mushure memazuva maviri, Alaska yakapotsa yanyura. Ikoko kwanga kuri kungotinhira, kudengenyeka kwenyika, nezvose. Chingozvitarisai, mazuva ose, kudengenyeka kwenyika kuri kuzunguza kwese-kwese.

⁴⁸ Musangano wangu wokupedzisira, musangano wandakapedzisira kuva nawo, ino ndiyo ichava Mharidzo yangu yokutanga, zviro kwazvo, kuparidza kubvira ipapo. Ndakanga ndiri kuparidza muLos Angeles, paBiltmore Auditorium, zvino ndaitaura pamusoro pemurume achizvisarudzira mudzimai. Pamwe mune tepi yacho. Yaka, ndakati, “Zvinoratidza hunhu hwake nevavariro yake.” Kutu, kana murume akatora mudzimai, anatora musikana wechidiki, kuti ave mudzimai wake; anatora, munoziva, musikana wechimanjemanje uyo anongova Ricketta wamazuva ose, zvino—zvinongoratidza zvaari . . . Kana akarooro mambokadzi wezverunako kana mambokadzi wezveruchiva, kana zvimwewo zvaangava, zvinoratidza zviri, chaizvo zviri mumurume uyu. Asi Mukristu, anotsvaga hunhu mumudzimai, nokuti ari kuronga musha uchazouya nemudzimai iyeye. Anoronga, anozviwanira chivakamusha. Uye ndikati, “Naizvozvo, Kristu, zvichienderena neShoko raKe pano, rinotiudza kuti Musha wedu unouya uchange wakadini. Imhandoyi yemudzimai waAcharudza, chipfeve chemasangano? Kana! Anosarudza mudzimai ane hunhu hweShoko raKe, zvino ndiye achava Mwenga.”

⁴⁹ Zvino tiri imomo, pane Chakandirova, uye hapana chandakaziva kwemaminitsi anenge makumi matatu. Pane chiporofita chakabuda. Chinhu chandakatanga kurangarira, Hama Mosley naBilly, ndakanga ndiri munzira, ndichifamba. Uye Akati, “Iwe Kapenaume, unozvidana nezita reNgirozi,” ndiyo iyo Los Angeles, guta rengirozi, munoona, ngirozi, “wakasimudzirwa kusvika kumatenga, uchadzikiswa pasi mugehena. Nokuti, dai mabasa makuru akaitwa muSodhoma, ayo akaitwa mauri, ingadai yakamira kusvikira muzuva ranhasi.” Zvino kwandiri, zvose izvi hapana zvandaiziva. Maona?

⁵⁰ Zvino ndakanga ndichangopedza kurumbidza, Kristu, ndichiMusimudzira nokutaurira chechi. Ndakati, “Imi madzimai, hazvinei kuti ndaedza zvakaita sei kuuya kwamuri, kana kuparidza ndichipikisa zvinhu izvi; nemi varume, imi vaparidzi; munogara muchinyengerwa nguva dzose, muchingozviita zvakadaro. Munofamba pamusoro paRo sokunge Shoko raMwari hapana zviripo.”

⁵¹ Pandakazvinzwisisa, ndakaenda, ndikati, “Pane Gwaro pamusoro peizvi pane imwe nzvimbo.” Zvino ndakaenda ndikaona kuti aive Jesu, achitsiura Kapenaume pamahombekombe egungwa. Manheru iwayo ndakatsvaga maGwaro. Ndakasvika kumba, ndokutora bhuku renhorowondo; uye Sodhoma neGomora pane imwe nguva raimbova guta ra—rakabudirira, muzinda wavaHedheni pasi rose. Uye munoziva, guta iroro, rakanyudzwa muDead Sea, nekudengenyeka kwenyika. Zvino Jesu akamira, ndokuti, “Kapenaume, dai Sodhoma yakaitirwa mabasa mairi ayo akaitwa mauri, ingadai yakamira nhasi. Asi zvino nofanira kudzikiswa zasi mugehena!” Zvino pangangoita mazana maviri kana mazana matatu emakore mushure mechiporofita chaKe, pamwe nemamwe ose maguta epamahombekombe, ose achakamira kunze kweKapenaume, iri pasi pegungwa. Kudengenyeka kwenyika ndiko kwakainyudza mugungwa.

⁵² Zvino ndichiporofita, “Los Angeles ichange iri pasi pegungwa.” Zvino pandakasvika kumba, ndakaenda kuAfrica. Zvino pandakanga ndiri kuAfrica, pakava nokudengenyeka kwenyika. Uye vezvesainzi... Makazviona, zvakabuda panhepfenyuro, kuti dzimwe dzimba huru, dzakanaka dzakawondomoka, muLos Angeles, nemotel, nezvimwewo. Iye zvino kwava ne...

⁵³ Kubvira pakudengenyeka ikoko, pane mutswi wakavhurika mainji maviri kana matatu wakauya panyika, uchitangira kuAlaska, uchipota nekuZvitsuwa zveAleutian, ugofamba zana nemakumi mashanu kana mazana maviri emamaera uchipinda mugungwa, uchizodzoka nepaSan Diego; zvichitora California, kana Los Angeles, uchizobuda nechepazasi pechikamu chekumusoro muCalifornia, pane kamwe kanzvimbo kadiki kanonzi San Jose, nechezasi ikoko.

⁵⁴ Zvino wezvesainzi uyu akanga achitaura, ari pahurukuro. Takanga tichiona paterevhizheni. Zvino akati, “Pazasi pachu pane bota remuto unopisa riri kufashaira.” Zvino akataura zvokuti, akati, “Ichocho chidimbu chichakwachuka,” ndokuti, “uye chichazviita.” Zvino uyo mubv-...

⁵⁵ Murume uyu, wezvesainzi aibvunza mukuru-mukuru wezvesainzi, akati kwaari, akati, “Saka, chingangonyura chose?”

Akati, “Chingango? Chichato!”

56 Akati, “Saka, ndizvozvo, zvichida zvichatora, makore akawanda kubva zvino.”

57 Akati, “Zvinogona kutora manitsi mashanu kubva zvino, kana kuti makore mashanu kubva zvino.” Akangozvipa makore mashanu.

58 Asi sokumira kwandakanga ndakaita ipapo ndiri pasi poKufemera, ndichiisa kutongwa kuMahombekombe ekuMavirira, ndokuzovitevera nokunyura kweLos Angeles, yaparara! Ndizvozvo. Zvichaitika. Rinhi? Handizive.

59 Asi, o, chii chakaitika? Munoziva, tangova nemakontinenti matanhatu zvino. Takange tiine manomwe, imwe iya yakanyura pakati peAfrica neUnited States. O, zviru munhorondo, munozviva. Iye zvino, iyi yakanyura, zvino ndinoda kuti mutarire apo. . .

60 Iyi imharidzo yandakaparidza nezvayo apo, ndinotenda, Hama Elij’ Perry pamwe vaiva mudhikoni muno muchechi panguva iyoyo, pakuziva kwangu. Asi zvakanzi, “Nguva ichauya. . .” Ndanga ndisingazvizivi kusvikira Mai Simpson vandiunzira mha—mharidzo yacho nerimwe zuva. Zvino ndakazvinyora mune rimwe bhuku duku, kuti gwenga kuti. . . “Nyanza ichayerera ichichema nemafashama kusvika mugwenga.” Aive makore makumi matatu akapfuura.

61 Uye, saizvozvo, Gungwa reSalton rakaderera mafiti anenge mazana maviri pazasi pegungwa, zvino kana kufashaira kukuru kuya, nyika ichinyura saizvozvo, mazana emamaera akapoterredza, mazana nemazana emamaera akapoterredza achinyura munyika, zvichakandira zisaisai richasvika kuArizona. Ichokwadi, richazviita.

62 O, tave panguva yekuguma, nguva yakabwinyiswa, kuonekwa kwaIshe Jesu! Akati, “Kuchava nokudengenyeka kwenyika munzvimbo dzakawanda, nguva dzokukanganisika, kunetsana pakati pendudzi, moyo yevanhu ichikundika nokutya.” Ndokuti, “Kana zvinhu izvi zvave kutanga kuitika, simudza musoro wako, rudzikinuro rwako rwave pedyo.” O, zvangu ini!

Nyika dziri kupamuka, Israeri iri kumuka,
Zviratidzo zvakafanotaurwa ne vaporofita;
Mazuva eMahedheni ave mashoma, azere
nematambudziko;
Dzokai, O vakapararira, kwenyu. (Iva
nechokwadi chekuzviita!)
Zuva rerudzikinuro raswedera,
Moyo yevanhu yokundika nokutya;
Zadzwai neMweya waMwari, ivai nemarambi
enyu akagadziridzwa akajeka,
Tarirai kumusoro, rudzikinuro rwenyu rwave
pedyo! (Ndizvozvo.)

Vaporofita venhema vari kunyepa, Zvokwadi
yaMwari voiramba,
Kuti Jesu Kristu ndiMwari wedu.

⁶³ Makaona here mufananidzo zuva riya, kuti Akatendeutsa mufananidzo uya kurutivi? Uye mufananidzo chaiwo weNgirozi dziya nomwe dzichisimuka, itenderedze kurudyi, ndipo apo chiso chaIshe Jesu akatarisa pasi panyika zvakare.

⁶⁴ Munorangarira pandakaparidza *Mazera Manomwe eKereke*, ndakanga ndisinganzwisise kuti sei Jesu akamirapo akapfeka “chichena” mumusoro waKe. Akanga ari Murume wechidiki. Ndakazvidzorera kuBhaibheri, rikati, “Akauya kuMukweguru paMazuva ake, Ane vhudzi rakachena semakushe ehwai.” Jesu aingova namakore makumi matatu nematatu ane chidimbu, pakurovererwa kwaKe pamuchinjikwa.

⁶⁵ Ndakafonera Hama Jack Moore, mudzidzi webhaibheri. Vakati, “O, Hama Branham, ndiJesu ari muchinhano chaKe chokubwinya.” Vakati, “Mushure mokufa, kuvigwa, nokumuka kwaKe, ndizvo zvaAkazova.” Izvozvo zvainzwika zvakanaka kumudzidzi webhaibheri, asi hazvina kunyatsoita zvakana, hazvina kunorova panhu chaipo.

⁶⁶ Ndakaendako ndokutanga pazera rekereke rokutanga, ipapo Mweya Mutsvene akazvizarura. Iye zvino mava nazvo pa*Mazera eKereke* enyu. Ndinofungidzira kuti mabhuku acho achabuda nokukasika zvino, aine tsanangudzo yazvo izere. Zvino akaratidza kuti Jesu akanga ari Mutongi. Pane wigi chena yavaisipfeka, vaiisa wigi voipfeka somutongi, England ichiri kuzviita kana une hutongi hwepamusoro-soro. Zvino kutendeutsa mufananidzo uyu kurutivi, heunoi Uyu, vhudzi raKe dema, unokwanisa kuriona mumativi endebvu dzaKe, uye akapfeka wigi chena. Ndiye wekupedzisira pamasimba, Iye Ndiye mutongi mukuru-kuru. Kana Mwari akadaro, pachaKe, “Uyu ndiye Mwanakomana waNgu, Munzwei.”

⁶⁷ Heunoi Uyo pamwe neNgirozi, Mharidzo, kwaiva iko kupamurwa kunomwe kwezvisimbiso zvinomwe zvakazarura *mbeu yenyoka* nezvimwe zvinhu zvose izvi pano. Uye zvinoratidza kuti ndicho chifukidzo chaKe, ndihwo—ndihwo Hutongi hwaKe Hukuru-kuru. Iye Mukuru-kuru, uye Akapfeka wigi, kana kuti—kana kuti akafukidzwa. Bhaibheri rakati Akashandura huso hwaKe, kana kuti Akazvishandura pachaKe, *en morphe*. Shoko iri rinobva pashoko rechiGiriki, *en morphe*, zvinoreva mutambi wechiGiriki anotamba muzvikamu zvemutambo zvakawanda; nhasi anenge ari chimwe chinhu, muchikamu chinotevera anenge ave chimwewo chinhu. Aive Mwari, Baba, mune chimwe chikamu; Mwari, Mwanakomana, mune chimwe chikamu; uye zvino Mwari, Mweya Mutsvene, muchikamu chino. Maona? Heunoi Uyo, Shoko raKe richiri Samasimba. Tiri kurarama mumazuva okupedzisira.

⁶⁸ Pandakadzoka kubva kuAfrica nerimwe zuva, ndakanga ndakaneta. Muri kuona, ikoko husiku panguva dzino, zvino unofanira kuti utoshanduka. Panguva yandakanga ndajairira, ndipo pandakadzokazve. Takava nerwendo rwakanaka, rwendo rwekunovhima, rwumwe rwenzendo dzakaisvonakisisa dzandakambova nadzo muhupenyu hwangu. Zvino Billy ane mifananidzo, pamwe achawana nguva yokuiratidza pane imwe nzvimbo, achikuratidzai rwendo rwacho.

⁶⁹ Ndakarota hope. Ndiri kupota ndichingorota ndadzokera paPublic Service Company, neimwe nzira. Saka nda—ndakafunga kuti ndakanga ndiri kuita sokuti nyozeri pabasa, ndaifanira kunge... Vaingondirega ndichizvitira zvandaida, uye ndakafunga kuti ndaizo... Panzvimbo yekubuda kunze nokutevedza tambo dzemagetsi kana kunotora mari dzezvikwerete zveemagetsi, kana zvimwe zvandaifanira kuita, ndakazongoti, “Saka, ini ndinozvitunga,” ndokubva ndaenda kunotuhwina. Ndakadzikako ndokukumura... nguwo idzi, ndokupfeka hanzu dzangu dzekutuhwinha. Ndakanga ndiri ndoga. Zvino ndakafunga, “Asika, izvi hazvina kunaka, kambani... Achiri masikati, kambani iri kundibhadhara nguva iyoyi.” Ndakafunga, “Izvi zvinoshamisa.” Zvino ndakazofunga, “Saka, mari yandaunganidza parwendo...” Ndakanga ndasanganisa mari dzekupatirora nedzezvikwerete, uye ndokuti, “Saka, mari yandawana kuvanhu, pane zvandaita, pandanga ndichitamba ndiri pano; ndarasa matikiti angu ose, uye ndasanganisa mari yavo neyangu. Ko zvino ndichaziva sei kuti ndiyani abhadhara chikwereti?” Ndakafunga, “Nokuda kwekuti ndanga ndisiri kuita hanya nazvo!” Ndakafunga, “Hazvina kunaka. Pane chinhu chimwe chete chandinofanira kuita, ndeichi, kudzokera kuna superintendent wangu ndonomuudza.” Aiva Don Willis, ndikati, “Don, ndarasa matikiti aye. Zvino heinoi iyi mari yose yandawana, uye oyi iyi mari yavo, pamwe chete. Isiyepano pakeshiya. Zvino vanhu, kana vachinge vauya, vanowana risiti rwokuti ndakagashira mubhadharo wavo.”

⁷⁰ Zvichida mune vanhu vakagara imo muno avo ini—ini... Ndinoziva kuti varipo. Vandaipota ndichitora mari kwavari mu—mumazuva iwayo, uye ndai... uye ndaivapa risiti. Munoziva, waitozotutsira nechikamu chegumi kana chikwereti chako chadarikidza. Uye pamwe, dhara nehafu, chinenge chadarika nemasenzi gumi nemashanu. Vanhu vazhinji vairarama... Taifarira kusangana pamwe tichiyana, zvino vaizorega chikwereti chavo kuti chidarikidze, zvino ini ndouya kuzotaura navo kwechinguvana. Vondipa masenzi gumi nemashanu, munoziva, togara pasi tombokurukura kwechinguvana, nokuzotora mari yechikwerete chavo. Saka zvakaizoshata, pakazova nezvikwerete zvakaawanda zvandakazotadza kunotora mari yaive muvanhu.

⁷¹ Saka, ndakafunga kuti ndiyo nzira yoga yandaikwanisa kuzviita nayo. Zvino ndakabva ndapepuka.

⁷² Panzvimbo patinogara, Hanzvadzi Larson. Handifunge kuti vari pano. Vanga vachitibata zvakaisvonaka; uye havadi kuti ndizvitaure. Asi mudzimai akaisvorurama, uye tanga tiri kugara mudzimba dzavo. Vane mipanda miviri, mipanda midiki yakabatana, tanga tichirenda dzose dziri mbiri. Zvino mudzimai wangu neni tairara mune—mune mumwe mupanda umo mandaipota ndichigamuchira vanhu pandaikwanisa, mune tumibhedha tunenge turi tuviri-tuviri imomo.

⁷³ Ndakamuka. Mudzimai wangu akanga asati amuka. Zvino mushure mechinguva, akazomuka. Ndakamusimudzira ruwoko, akanditarisa ndokubwaira-bwaira meso ake. Ini ndokuti, “Warara zvakana?”

Akati, “Kwete.”

⁷⁴ Zvino ini ndikati, “Ndava nehope dzakaisvoipisisa. Ndanga ndadzokera kuPublic Service Company iya zvakare.” Ndikati, “Chii chandakaita?”

⁷⁵ Ndinorangarira, semukomana mudiki, kana kuti murume wechidiki, ndaifamba ndichiongorora matambo emagetsi paSalem, muIndiana, pakasiyana... Ndaipinda, ndotenga ku—kudya kwamangwanani, pamwe ndiro yemaotsi. Muzuva iroro raipisa nezvose, zvino zvaitondirwarisa, ndikadya kudya kwamangwanani. Ndairatidza kuti ndashandisa masenzi gumi, pamari yandaipiwa kubasa yokushandisa. Superintendent akauya achiti, akati, “Unoziva zvakataura mumu—mumusangano? Ndiani benzi rinoti rakashandisa masenzi gumi, pakudya kwamangwanani?” Ndokuti, “Unofanira kuratidza mari inotangira pamasenzi makumi mashanu.” Zvino, mose munoziva kuti, masenzi makumi mashanu aitenga kudya kwamangwanani kwakakura chaizvo mumazuva iwayo.

Zvino ndakati, “Ko handiti, handidye zvakawanda kudaro.”

Akati, “Handiti, vamwe vose vanoratidza kuti vashandisa masenzi makumi mashanu. Unofanira kuratidza kuti washandisa masenzi makumi mashanu.”

Ndikati, “Handiti, handiishandise.”

Iye ndokuti, “Chingoiratidza, saizvozvo.” Ndisuperintendent wangu iyeye.

⁷⁶ Zvadaro, ndakafunga, “Saka, zvino ndodini? Ndinofaniraka kuchaja masenzi makumi mashanu, ndodya zvemasenzi gumi.” Nokudaro ndaienda munzira ndonotora tuvana tudiki tusina kuwana kudya kwamangwanani, ndotutengera kudya kwamangwanani kwemasenzi makumi mana.

Saka zvino ndakafunga, “Zvakanaka, chii chingadai... Pamwe ndiyo mhosva yaVari kundiwanira.”

⁷⁷ Zvino ndinorangarira, pano nguva shoma yapfuura, vakapfuura vari pakupatirora, ndokukanganisa ruvanze rwekuseri kwemba uko, zvino ndokunditi, “Titaurire mari yatinofanira kukubhadhara.” Munoziva vane kodzero dzekupatirora, asi vanofanira kubhadhara zvavakuvadza.

⁷⁸ Ndakangonyora ndichivapindura ndichiti, “Hamuna chikwereti kwandiri.” Ndakafunga, “Izvozvo zvichabhadharira mari dziya dzemasenzi makumi mana. Zvichida pamwe ndakashandisa mari inoita madhora makumi maviri kana matatu, ndichiipa kuvana. Pamwe ndizvo zvichazvigadzirisa.” Ndokuramba ndichirota.

⁷⁹ Zvino ndakanga ndiine zimuti zihombe ikoko, vana vaitambira pasi paro, zvino vepatirori...Iye zvino vave kupatirora vari muherikoputa. Saka akauya akati, “Billy, ko zvingadii muti uyo ukatemwa?”

⁸⁰ Ndikati, “Kwete, musauteme. Tichaudimburira.” Ndikati, “Hama Wood neni tichaudimburira.”

Ndokuti, “Zvakanaka, ndichangoti varume vagouya kuzoudimburira.”

Ndikati, “Asika, musazoutema.”

Iye ndokuti, “Handiutemi.”

⁸¹ Ndakaenda parwendo. Zvino pandakadzoka, wakanga watemwa kusvika pavhu. Zvadaro ndakanga ndava nechekumhan’ara, munoona. Ndakati, “Saka, Ishe, izvi ndizvo zvichazvigadzirisa, ndaziva.” Saka ndakavaregerera, zvakanga zvakarungana, ndokuzvisiya zvakadaro. Saka, ndakaramba ndichingozvirota.

⁸² Pandakamuka mamwe mangwanani, ndakati, “Zvakanaka...” Chinhu chatinotanga kuita mangwanani kana tamuka, kunamata pamwe chete, tozonamata patinoenda kunovata manheru. Zvino mushure mokunge mudzimai aenda kunogadzira kudya kwamangwanani kwevana, ndakatanga kunamata. Ndikati, “Ishe, ndinofanira kunge ndaive munhu akaipa. Chii chandakaita muhupenyu, chokuti ndi—ndiri kutadza kusiyana nePublic Service Company.”

⁸³ Ndakapinda kunogeza, ndokudzoka. Zvino chimwe chinhu chaita sokunge chaiti kwandiri, “Pamwe ndiri kunyozera pabasa raKe.” Ndakafunga, “Pava nemakore anenge mashanu pasina chandaite, ndakangomirira paAri.”

⁸⁴ Ndakanga ndakamira uko pane rimwe zuva. Vakativakira imba itsva kumusoro ikoko, zvino Hama Mosley vakauya, ndokutaura pamusoro payo. Ndikati, “Chinongori chipo chiduku kubva kuna Baba vangu.” Zvino vakabva vatanga kuchema. Ndikati, “Munoona, Akati, ‘Kana mukasiya misha yenyu, dzimba, minda, madzibaba, vana amai, Ndichakupai dzimba, minda, madzibaba, vana amai, uye zvapaketwa kazana

muhupenyu huno, neHupenyu Husingaperi hunotevera.” Ndikati, “Munoona, ndakatosiya tabhanekeri yandaيدا zvikuru. Imba yangu yandakapiwa naShe kumusoro ikoko, ndakatoisiya. Vandidzose ra ino.” Ndikati, “Anoshamisira, muri kuona.” [Chibenga patepi—Mupepeti.] Zvino akatanga kuchema.

⁸⁵ Zvakana, nda—ndakati, “Ndakatouya kuno kuti ndizvipatsanure, kuuya kugwenga rino.” Zvino ndakafunga, “Handizivi kuti sei Mwari vakandiunza mugwenga, kunze kuno kusina chiriko kunze kwemarize nezviMupurwa?”

⁸⁶ Haringori gwenga roga, kunopisa, asi igwenga pamweya. O, zvangu ini! Hakuna kana hupenyu hwepamweya zvachose, mumachechi, vanopesana . . . Imi wee, hamusati makamboona zvakadaro muhupenyu hwenyu! Hatitomborina kuchechi kwatinoenda, hakuna. Zvino kana . . . Vanhu vacho vave kuda kutoparara, pamweya. Ndinozvicherechedza pavanhu vanouya ikoko, unoona kupesana kuri pakati pavo, kana wakazvitarisa.

⁸⁷ Saka iwe ukagara uri pasi peMweya waMwari, hupenyu hwako hunobva hwave kutapira, hwakapfava, sezvinoita mvura inomeresa huswa uhu nemabukira akapfava. Kana . . . huswa uhu, muArizona, hahwaizokura; miti iyi inenge yave zvimadhorofiyo, mashizha anomonana kusvika ave minzwa. Ndizvo zvazviri kana muchechi muchinge maoma, munhu wose anenge achingobaya mumwe, munoziva. Zvino, onai, unofanira kuti uwane mvura dzakanyorovera dzinonaya kuti ugopfava, uye nokugadzira mashizha nemumvuri kuitira vafambi vanenge vachipfuura.

⁸⁸ Saka chimwe Chinhu chakati kwandiri, “Pamwe uri kunyozera papasa raMwari.” Saka, ndakanamatira chiratidzo.

⁸⁹ Zvino Meda akabva kunditengera Bhaibheri idzva; uye Hama—Hama Brown, vanobva kumusoro kuOhio, vakanditengera Bhaibheri idzva; vose vari vaviri panguva imwe chete, paKisimusi. Ndakaenda ndikanatora rimwe remaBhaibheri matsva aya. Ndikati, “Ishe, mumazuva akapfuura, Maiva neUrimi neTumimi.”

⁹⁰ Zvino tererai, regai nditaure izvi. Sezvo, havasi . . . uno, havasi kutepa musangano uno, chikonzero chandiri kubvunzira . . . ndiri kutaura izvi. Regai nditi, musazozviita. Hachizi chinhu chakanaka.

⁹¹ Asi ndakati, “Ishe, zvaiitika kuti, muroti akarota chiroto, vaimutora voenda naye kuUrimi neTumimi, otaura. Zvino kana—kana Urimi neTumimi ikapenya magetsi, Chiedza chepamweya, chiroto chinenge chiri chechokwadi.” Ndakati, “Asi huprisita uhu neUrimi neTumimi yacho hazvichisipo. Bhaibheri reNyu ndiro Urimi neTumimi zvino; Ishe, dai ndikasazoita izvi zvakare. Asi ndakaKukumbirai ndikanamata kwaMuri, kuti mundipe chiratidzo, taurai neni kuti sei ndiri kurota hope idzi. Uye chii chandakaita?”

Kana ndakakuvadza, kana ndakaita chimwe chinhu kune mumwe munhu pasi rose, ndizivisei. Ndicha—ndicha—ndichaenda ndonogadzirisa. Kana ndine chikwereti kuPublic Service Company, kana ndakavakanganisira kana mumwewo munhu, kana ndakaKukanganisirai, ndizivisei. Ndi—ndinoda kupagadzirisa.”

⁹² Ngatizvigadzirisei, iye zvino. Usamirire kuzozviita kwapera nguva, nguva inogona kupera. Ngatizviitei iye zvino.

⁹³ Zvino ndakati, “Zvirokwazvo, pane chimwe chiri muShoko raMwari, kubva munaGenesi kusvika kuna Zvakazarurwa, kuti mumwe munhu imomo waMakamboshanda naye, ari pamamiriro akafanana nemubvunzo wangu. Kana mumwe munhu akaita chimwe chinhu, uye—uye Mukamubvunza pamusoro pazvo, regai ndivhure panzvimbo yakadaro muBhaibheri. Uye kana mumwe munhu, chingavei chavakaita, chicharekereka kwandiri. Pandakakanganisa, kana chimwe chinhu chaMunoda kuti ndiite, kana zvandisina kuita, itai kuti ndione mumwe munhu akadaro muBhaibheri saizvozvi.”

⁹⁴ Zvino ndakavhara maziso angu, ndokurega Bhaibheri richivhurika roga, ndokuisa chigunwe changu paGwaro, Genesi 24:7. Eriezere, muranda waAbrahama akatendeka, muenzaniso wemuranda muBhaibheri, achitumwa kunovhima mwenga waIsaka. Chando chakamhanya-mhanya nomumuviri wangu. Chokwadi, ndiyo yangu. . .zvinoenderana neMharidzo yangu yose, kudhonza uchibuditsa Mwenga.

⁹⁵ Akati, “Pika kuti hausi kuzotora mwenga kubva pakati peava, asi enda kune vanhu vangu.”

Iye ndokuti, “Ko kana mudzimai wacho akaramba kuuya neni?”

⁹⁶ Ndokuti, “Ipapo unenge wasunungurwa kubva kumhiko iyoyi.” Akati, “Uye Mwari wokuDenga achatumira Ngirozi yaKe mberi kwako, kukuratidza gwara.” Akabva aendako pakarepo ndokutanga kunamata, zvino iye ndokusangana netsvarakadenga Rebekah uyo akazova mwenga waIsaka.

⁹⁷ IMharidzo yakakwana, kudzokera kuShoko, “Enda unotora Mwenga uya!” Ibaso rokuita. Ndicho chikonzero ndiri pano. Ndizvo zvandiri kuedza kuita, kudana Mwenga.

⁹⁸ Rangarirai kuCalifornia uko, hurukuro iya yeMwenga, kufanoonekwa, kwandakava nako kuno. Kutu Mwenga wakauya pakutanga, ndokuMuona achipfuura. Zvino hepanoi pakazouya Muzvare America, Muzvare Asia, nevamwe vose, o, chinhu chairatidzika zvinonyangadza zvikurusa! Zvino Mwenga mumwe chete akazopfuura zvakare. Mumwe wavo akanga obuda mugwara, uye ndakanga ndichiMudzosa kuti afambe mugwara; vaiva, vaviri vavo. Zvino ndizvo zvandaifanira kuita, kuchengetedza Mwenga ari mugwara, kuvhima munhu iyeye.

⁹⁹ Ndakati, “Mwari, ndave kudzokera kumba, kunovandudza mhiko dzangu zvakare, uye ndigotanga patsvazve.” Nokudaro ndizvo zvatiri kuronga kuzoita, ndizvo zvandavinga kuno.

¹⁰⁰ Ndinofunga kuti chingaita chinhu chakanaka tikaita izvi, kutanga musi wa eighteen, svondo rinouya, mangwanani emusi weSvondo unotevera, nemanheru eSvondo inotevera; musi weSvondo inotevera, neimwe Svondo inozotevera. Vangani vanofunga kuti chingava chinhu chakanaka? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Maita henyu.

¹⁰¹ Iye zvino ndinoda kuti mundiitirewo chimwe chinhu. Kana paine vanhu vamakazivisa kuti pa—pachava nemusangano musi wa twenty-eight, mungavazivisewo here zvakare, kuti hatina kuzokwanisa kuzviita. Vataurirei, vanyorerei tsamba, kana chimwe chinhu. Hatidi kuti vanhu vauye zvigovakanganisa, asi hatina kuwana odhitoriyamu.

¹⁰² Munoono, hatina kukwanisa kuiwana. Zvino nokuda kwekuti pamusangano wokupedzisira ndinofunga kuti pakanga paine vanhu vakawanda ipapo, nezvose, vakango... Munozivawo zvinoitwa nevanhu, uye vaka... Hamheno, tiri kurarama mumazuva okupedzisira, ndizvo chete. Uye vanoti vanhu vanouya vosvikokanganisa chikoro, uye vakurumidzisa kuuya, zvino vakaita *izvi*, kana *izvo*, kana *zvumwewo* zvakadaro, uye munzvimbo yacho vanhu vainge vakamanikidzana, zvino mukuru wezvemoto anoita *izvi* neizvo. Uye, saka, munongozivawo.

¹⁰³ Saka tichatora Ndiri dzematenda dziya neHwamanda, ndiri kuda kuzviisa imomo. Ndakakuudzai kuti ndichazviita. Zvinouya pasi pechimwe chinhu. Ndiwo mauiyiro anoita Ndiri dzamatenda, kuridzwa kweHwamanda; asi tiri kuda kutora nyaya yacho yose kusvika magumo, tozviunza, tozvibanidza pamwe chete.

¹⁰⁴ Vangani vakamboveenga rimwe rezvinyorwa zveHama Vayle, iro ravari kunyorazve, nokurigadzirisa nokundiisira mumutauro wakatsetseka? Mati mamboveenga chikamu charo? Makaverenga, vaviri kana vatatu venyu. Ndinofunga kuti makaita basa chairo, Hama Vayle, basa chairo! Imi, ndinofunga Hanzvadzi Vayle ndivo vakazviita; imi makangonyora pasi. Va—vakanga vari... Munoono, handigari ndichingopikisa madzimai nguva dzose, ndinodaro here, Hanzvadzi Vayle?

¹⁰⁵ Saka zvino, kwemaminiti gumi nemashanu, makumi maviri anotevera, ngativerengei Gwaro pano.

¹⁰⁶ Zvino ndine bhuku duku pano. Ndataurira, ndinotenda, vanga vari Hama Vayle, kana, ndiani, kana ndinotenda anga ari Roy Borders. Hama Vayle vakanditengera bhuku racho. Ndinoda kugadzira bhuku duku rezvidzidzo.

¹⁰⁷ Asi dai mumwe munhu akatarisa zvandinoti manotsi! Kana ndichida kuparidza Nezvenyeredzi Yamangwanani,

ndinodhirowa nyeredzi. Uye kana ndichida kuparidza chimwe chinhu pamusoro. . . ndinonyora zvose mumufananidzo pano, zvakamaranzurwa, hapana anogona kuziva kuti zvii. Pandinenge ndiri kunze, pakaita chandinofunga, ndinofanirwa, pandinenge ndichityaira motokari mumugwagwa, dzimwe nguva motokari inenge ichichirika-chirika, zvino ndinobva ndanyora *izvi* pasi, ndichiti *ichi* neicho, ndonyora tumifananidzo tuduku, muchinjikwa nemazambuko, ne—nezvimwe zvakangosiyana-siyana. Toti ndiri kuda kuparidza nezvekudzika kweNyeredzi; zvino ndinoisa piramidhi, ndoridhirowa ndoisa nyeredzi yaDhavhidha ine makona mashanu ichidzika pariri. Uye ndinoziva kuti ndiri kuendepi mumaGwaro saizvozvo; naMosesi, chimwe chinhu chaakaita. Ndonyora zvinenge, pafambwa netokwi.

¹⁰⁸ Ndine zvakawanda zvacho muno. Uye ndafunga, mangwanani ano, seri uko pandafunga kutaura pamusoro penyaya iyi kwemaminiti mashoma pano, pamanotsi, pamwe zvichanditorera maminiti makumi maviri.

¹⁰⁹ Uye handisi kuzatora sevhisi yeHama Neville yanhasi manheru. Ndi—ndi—ndichange ndakazorora nhasi manheru, ndichiterera kwavari.

¹¹⁰ Uyezve, Ishe vachitendera, mangwanani eSvondo inotevera tichatanga sevhisi. Zvino imi mose mundibatsire, uye tichanamata, nokuti zvanga zviri mumoyo mangu kuedza. . . Vakati, “Zvakanaka, tinogona kuenda kuLouisville kana kuti tinogona kudzika kuNew Albany.” Asi musangano wanga wakafanira kunge uri muJeffersonville. Ndichaenda kuLouisville nekuNew Albany, panguva dzakasiyana, asi iyi inofanira kunge iri muno muJeffersonville.

¹¹¹ Zvino ngatikotamisei misoro yedu kweminiti apo tanga tiri. . . Ndanga ndiri kutaura nemi pano kwemanitsi angaita makumi matatu. Ngatitaurei naYe kwechinguva.

¹¹² Ishe Jesu, tiri—tiri vanhu vakaropafadzwa zvirokwazvo, kudarika kufunga kwedu, kudarika kunzwisisa kwedu. Nokuti, dai paiva nemuremekedzwa pakati pedu, sezvakaita munhu anenge abva kune imwe nyika, kana semumiririri zvake weimwe nyika, taifunga kuti chaive chinhu chikuru kuva nomuremekedzwa akadaro pakati pedu. Asi nhasi tina Mwari weKudenga, kwete bedzi ari pakati pedu, asi matiri, achigara, achirarama Hupenyu hwaKe nematiri. Uye tinotenda zvikuru nokuda kwaizvozvo, Ishe! Zvinodarika mafungiro edu, chaizvo.

¹¹³ Asi zvino tiri kutaura pamusoro pemasevhisi, nokuenda kuAfrica, nezvinhu izvo zvataedza kuronga zvemazuva mashoma muno muIndiana. Zvino neimwe nzira, Ishe, zvichida Ndimi muri kutiendesa kutende riya, kuti chiratidzo chiya chizadzikiswe. Naizvozvo kuda kweNyu ngakuitwe, tazvikumikidza nenzira iyi, sokunzwisisa kwedu kwose. Saka

tinonamata, Ishe, kana paine chinopesana nokuda kweNyu, Muchatizivisa, kuitira kuti tigoziva kuita kuda kweNyu kwakakwana.

¹¹⁴ Iye zvino chitiropafadzai mumaminitsi mashoma anotevera. Taurai kwatiri nemuShoko reNyu, Ishe, nokuti Shoko reNyu iZvokwadi. Takumbira nemuZita raJesu. Amen.

Ngativhurei muBhaibheri, kuna Marko, chitsauko 8.

¹¹⁵ Munowanzobuda muno nguvai, twelve o'clock? [Mumwe anoti, "Dzingangoita se twelve o'clock."—Mupepeti.] Zvakana. Iye zvino, zvino pane Mharidzo duku pano yandiri kuda kutaura kwamuri nezveShoko, mushure mukupupura pamusoro pezveuko, nezvimwewo.

¹¹⁶ Marko, chitsauko 8, uye ngatitangirei pandima 34, kusvika pa38, tichiverenga ya 38, kupedza chitsauko chose. Ndinofarira kuverenga zvaAkataura, nokuti ndinoziva kuti ichokwadi. Zvino isu . . .

Zvino wakadanira kwaari vanhu navadzidzi vakewo zvakare, akati kwavari, Kana munhu achida kuvya shure kwangu, ngaazvirambe, asimudze muchinjikwa wake, anditevere.

Nokuti aninani unoda kuponesa hupenyu hwake ucharasikirwa nahwo; . . . aninani unorashikirwa nohupenyu hwake nokuda kwangu nokweevhangeri, iyeye uchahuponesa.

Nokuti munhu uchagobatsirweiko, kana awana nyika yose, akarasikirwa nomweya wake?

Kana kuti munhu ucharipeiko kuti adzikinure mweya wake?

Nokuti aninani unonyara pamusoro pangu pamwe nemashoko angu pachizvarwa ichi chouyombwe nezvivi; Mwanakomana womunhu uchanyarawo pamusoro pake, musi waanouya ari mukubwinya kwaBaba vake navatumwa vatsvene.

¹¹⁷ Ndiri kuda kutora musoro wemharidzo kubva ipapo, kana unganidzwa kudaro, unonzi: *Kunyara*. Munoziva, ndinozvifarira. "Aninani unonyara pamusoro paNgu pamwe nemaShoko aNgu, Ndichanyarawo pamusoro pake."

¹¹⁸ Zvino, shoko rokuti *kunyara* rinogona kududzirwa kuti "kunzwa kunyadziswa." Munoziva, chimwe chinhu chauri . . . Unenge wakatarisana nechinhu chaunenge uchinyara pamusoro pachu, unenge uchinyara.

¹¹⁹ Ndicho, chimwe chinhu chinotwa nokunyara, zvinoratidza kuti hauna chokwadi pamusoro pezvauri kutaura. Kana uri kuziva zvauri kutaura, uine kugutsikana kuti uri kuziva zvauri kutaura pamusoro pazvo, unogona kuudza munhu wese

izvozvo; hausi kunyara. Asi ukanzwa kunyadziswa, uchinyara, zvinoratidza kuti hauna chokwadi.

120 Munocherechedza here kuti kune zvakawanda zvakadaro nhasi, kunyanya pachidzidzo chandiri kutaura nezvacho, “*kunyara neShoko.*” Zvino, Iye neShoko chinhu chimwe chete.

*Pakutanga Shoko rakanga riripo, Shoko rakanga riri
kuna Mwari, Shoko rakanga riri Mwari.*

*Shoko rakazova nyama, rikagara pakati pedu, . . .
Mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi!*

121 Saka, “Aninani anonyara neNi pamwe neShoko raNgu,” zvino Iye neShoko raKe chinhu Chimwe, zvino kunyara neShoko raKe muchizvarwa chino, chezvivi, “Ndichanyarawo naye.”

122 Zvino tinocherechedza nhasi, kana mumwe munhu akati, “U—uri Mukristu here?” Chinhu chinofarirwa noruzhinji, kuti, “O, ndiri Mukristu!” Maona?

123 “Asi unotenda here Shoko raMwari, paRinoti, ‘Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda?’”

124 “O!” Kana zviso zvevashumiri zvinoratidza kunyara. Maona?

125 Unonyara here, tingati, nekupodza kwaMwari? Unonyara here neEvhangeri rizere? Unonyara here nechiiitiko chako chepentecosti? Ndiko kunyara neShoko raKe. Ndiro Shoko raKe richiitwa nyama mauri.

126 Naizvozvo, Shoko raKe rinofanira kuZviratidza muchizvarwa choga-choga. RakaZviratidza mumazuva aMosesi. Nokuti, muzuva iroro, Bhaibheri rakati, muvaHebheru, chitsauko 1, “Mwari, munguva dzakare nenzira dzakasiyana-siyana akataura kumadzibaba kubudikidza nevaporofita.”

127 Zvino vaporofita vaya! Chechi yakanga yangova nyonganyonga apo. . . Vaporofita vaya, vatumwa vaya vaMwari vane hushingi, vakauya vasiri muchechi, vasiri musangano, vasiri muhurongwa hwezvinamato, pasina chavaive nacho; vakakunda madzimambo, humambo, machechi, nezvose. Apo vaprisita pavakaunzwa pamberi. . . Vakaunzwa pamberi pevapisita, havana kunyara, nokuti vaiva neZVANZI NAJEHOVHA yakananga.

128 Kana mukacherechedza, muporofita, nemamwe mashoko, muTestamende Yakare, paaiti ZVANZI NAJEHOVHA, zvino mutarisei, anobva anyatsopinda muchitaurwa chokutora nzvimbo yaMwari. Munocherechedza, apo paanotaura iye kuti, ZVANZI NAJEHOVHA, anobva anyatsowira muna Mwari, zvino oita saMwari. Zvadarwo anozopa Mharidzo yake, ari Mwari anga achitaura nemaari, “ZVANZI NAJEHOVHA!”

129 Ndinofunga pamusoro pavaporofita vakare, apo pavaiuya neMharidzo yacho, zvino Yainyadzisa madzimambo, uye Yaiita

kuti vanhu vanzwe kusagadzikana. Vaprisita, naivowo, vainzwa kusagadzikana, nokuti vaifanira kunge vari vatungamiriri, varume vezvekunamata, zvino pavai. . . Shoko paraiuya nenzira iyoyo, Rakavaisa pachena, uye vainzwa kunyadziiswa, kana kuti kunyara.

¹³⁰ Uye kakawanda tinozviona, kwete kakawanda, kakawandisa kacho muzuva rino! Kuti munhu, unoti, “Ndiri Mukristu!”

“Wakagamuchira here Mweya Mutsvene kubvira pawakatenda?”

“O! Huh!” Muri kuona, vari—vari kunyara nezvaZvo.

¹³¹ Mumwe munhu anoti, “Unonamata here neboka riri kumusoro uko vanoita zviya zvokudanidzira, nezvose zviya izvo zvekupodzwa naMwari?” Kazhinji kacho, Makristu havabude pachena.

¹³² Vanoda kuzivisa, kana—kana vaine sangano, zvino, “Ndiri muBaptisti. Ndiri Presbyteriani. Ndiri muLutherani.” Havambonyara naizvozvo.

¹³³ Asi kana zvasvika pokuva Mukristu anogona kutora Shoko raMwari sezvaRiri, ipapo vano—vano—vanonyara. “Hapana sangano randinopinda,” munoona, ivo, vano—vanonyara kutaura kudaro. Vanoda kufanana nevamwe vose vari munyika, vachimirirwa nerimwe sangano.

¹³⁴ Zvino, izvi zvinhu zvichangobva mukutanga iko zvino. Mumazuva aLuther, kuzivikanwa semuLutheran kana kuti munhu anotevera Ruther, saka, zvaitoreva kuti potse kufa uchiuraiwa nechechi yeKatorike. Mumazuva aWhisiri, kuzivikanwa kuti wakanga wazvidza chechi yeAnglican, potse kutongerwa rufu nemaAnglican, kana wangozvizivisa kuti uri muMethodisti. Mumazuva ePentecosti, zvaipotsa, zvatonyadzisa, kutaura kuti uri—kuti uri mupentecosti, nokuti nokukasika waibwa wanzi muumburuki mutsvene, kana—kana uyo anotaura nendimi, kana zvimwewo zvakadaro. Iye zvino vave sangano uye vari kuita sezviri kungoitawo mamwe mapoka.

¹³⁵ Zvino kana nguva yekudanira kubuda yasvika, pasina kana kwaunozvibatanidza nako! Zvinhu zvinofarirwa kutaura uchiti, “Ndiri muPentecosti.” Zvinhu zvinofarirwa kutaura uchiti, “Ndiri muPresbyterian. MuLutheran.” Asi kana zvasvika panguva yokuti unofanira kubuda womira neShoko, “Handizvibatanidze kana mune rimwe rawo”? Izvozvo, izvozvo zvonnyadza.

¹³⁶ Jesu wakati, “Zvino, kana muchinyara neNi, kana neniwo ndichanyara nemi.” Sei Achizonyara newe? Nokuti uri kuzviti uri waKe, apo usiri kuMutevera.

137 Toti ndati, “Kakomana kaduku aka, mwa—mwanakomana wangu”; iye anotendeuka oti, “Ani, ini kuita mwana wenyu? Munofunga kuti ndiri chii!” Zvingandinyadzisa. Zvinodaro, kumwanakomana wako.

138 Ndizvo zvakaita chiri kunzi Chikristu nhasi. Kana ukataura zita riri zita resangano, zvakanaka, vanogamuchira hubaba hwesangano. Asi kana zvasvika pakugamuchira hubaba hweShoko raMwari, Kristu, kwete, vanonyara. Havadi kuti, “Hongu, ndakataura nendimi. Hongu, ndakaona zviratidzo. Hongu, Ndinotenda mukupodzwa naMwari. Hongu, ndinorumbidza Mwari. Ndakasunungurwa kubva kumasangano ose, hapana kana randirikuzogwadamira. Ndiri muranda waKristu.” O, zvangu ini, izvozvo zvinobva zvavabvarura kuita zvidimbu-zvidimbu.

139 Pane humwe husiku, mumwe mutauri mukuru akauya pakati peveFull Gospel Business Men muChicago.

140 Regai ndimbomirira pano kweminiti, nditaure izvi. Mundiregererewo. Asi nguva zhinji unofunga, uye neniwo, kuti zvatiri kutaura pamusoro pazvo, Zvokwadi yeBhaibheri, hazvisi kugamuchirwa pakati pevanhu. Asi, Zvinodaro. Dzimwe nguva vanosimuka vachiZvipikisa, asi chaizvo izvo vanenge vasiri kurevesa. Vanenge vari kuedza kutsvaga paumire.

141 Sezvakaita nyaya yezvimwe zvidhakwa, vaiitirana nharo dzokuti hakuchina chinhu chinonzi Chikristu. Mumwe murume akati, “Ndinoziva kunowanikwa mumwe, iye mudzimai wangu.”

Ndokuti, “Zvakanaka, ha—handizvitende.”

Ndokuti, “Handei, ticha...ngatiitei sokunge takapera nokudhakwa.”

142 Ndokuenda kumba kuya, ndokuita zvose zvavaikwanisa. Zvino—zvino ndokumuudza kuti avabikire mazai, ndokuakandira pasi, ndokuti, “Unoziwa zviri nani pane kubika mazai angu zvakadai!” Vachingoita zvavaiita vari mumbamo. Ndokubva vaenda mune imwe kamuri, ndokuzviwisira mucheya. Vakanzwa mumwe munhu iko kuya achitsvaira hake, asiri kunyunyuta, achiti, achizviimbira hake kambo kadiki.

Jesu angafanirwa kutakura muchinjikwa oga here,

Uye nyika yose ichienderera yakasununguka?

Pane muchinjikwa wemunhu wose,

Uye pane muchinjikwa wanguwo.

Zvino muchinjikwa uyu wakayereswa ndichautakura,

Kusvikira rufu rwandisunungura,

Zvadaro ndozoenda kumusha ndopfeka korona.

143 Chidhakwa chiya chakare chakati, “Ndambokuudzai kuti kudini?” Ndokuti, “Mudzimai uyu Mukristu!” Munoono, vakanga vari kungomuedza. Zvino dzimwe nguva nyika, ndakazozviona, inokuedza.

144 Saka handina kumbofunga kuti izvi zvingaitike, asi manheru eMugovera wapfuura, ndinotenda kuti ndiwo, kana kuti manheru eSvondo, mutauri mukuru...Handina tsika yokutaura mazita evanhu. Asi ari kuedza, kushanda zvinonyatsopesana. Ini ndiri kuedza kuchengeta machechi ari kunze kwemubatanidzwa wemasangano, zvino murume uyu ari kuedza kuvaisa imomo. Zvino, aiparidzira veChristian Business Men. Ndipo apo, pandaifanirwa kuva nomusangano uyu muChicago, zvino ini ndakafunga kuti ndaizenge ndiri muAfrica panguva iyoyo, nokudaro handina kukwanisa kuveko. Murume uyu akati, akasimuka ikoko ndokuti, “Kufamba kukurusa, chinhu chikurusa pano pasi zvino, chakambovapo; machechi ose ave kudzokera kuchechi yeKatorike, mumubatanidzwa wemasangano, uye maKatorike achagamuchira Mweya Mutsvene.” Chaiwo muteyo wadhiyabhorosi!

145 Zvino mutungamiriri uyu, Hama Shakarian, mukuru weInternational Business Men, akasimuka ndokuti, mushure mokunge murume uyu agara pasi, ndokuti, “Haasiri iwo manzwiwo atakazviita.” Ndokuti, “Hama Branham vakatiudza, kuti, ‘Uyu mubatanidzwa wezvinamoto uchavaendesa vose kumunembo wechikara.’” Zvino murume uya akanga akagara papuratifomu. Ndokuti, “Ichauendesa kumunembo wechikara.” Uye ndokuti, “Takarerekera pakutenda kuti zvavanotaura iChokwadi.” [Mumwe munhu muungano anoti, “Ameni! Kana nesuwo!”—Mupepeti.] Zvino iye akati, “Vangani venyu vangada kunzwa Hama Branham vauye kuzokuudzai divi rechokwadi pamusoro pazvo? Simukai.” Zvino pakanga paine vanhu zviuru zvishanu nekuraudzira. Vakadanidzira nekuchema, kuti ndingouya kwezuya rimwe, zuva rimwe.

146 Hama Carl Williams vakandifonera, ndokuti, “Hama Branham, vakomana, ndakapinda nemumhomho iyi,” ndokuti, “vakanga vaisa matutu emari yemazana emadhora mumaoko angu, yekutenga tikiti renyu rendege rokuuya kuno, nokudzokera.” Munoono, zvezuya rimwe chete!

147 Munoono, vanhu ava, Shoko iri riri kusinina apo pane dzimwe nguva tisiri kuzviziva. Maona? Asi, munoono, apo paunonyatso...Hazvinei kuti nyika inopesana naZvo zvakadini, kuti masangano anopesana naZvo zvakadini, Mwari ari kuZviratidza kuti iChokwadi. Kana iya nguva huru yazosvika, pachaitika zvinhu pamwe zvatisina kumbofunga nezvazvo.

148 Hongu, zvinoratidza kuti hauna chokwadi, kana uchinyara, saka zviru nani kusakurukura nezvenyaya yacho. Kana

uchazonyarara nazvo, hautombodi kukurukura nezvazvo; unonyarara.

¹⁴⁹ Asi zvingaitike sei kuti munhu akazara neMweya Mutsvene, ko munhu akazara neSimba raMwari, nerudo rwaMwari mumoyo make, angataura here nemunhu kwemaminitsi mashoma ogorega kutaura chimwe chinhu pamusoro perudo urwu rwuri mumoyo make? Munoono, pane chimwe chinhu chazvi—zvinoita; haugoni kuzviita.

¹⁵⁰ Rino ndiro, rinofanira kuva zuva riya rakashata iro Jesu akataura nezvaro. Vanhu vari kunyara neShoko neMweya waMwari unoita mabasa uri mavari. Asi kana Chokwadi chikajekeswa kuvanhu, Mwari ipapo, pachaKe, anenge achiZvizarura nemuShoko.

¹⁵¹ Zvino, munhu wose anokwanisa kutaura zvese zvaanoda. Uye takava nazvo mumazuva ano, apo pakataurwa zvakawanda, zvokuti zvakanga zvakatoshata. Asi, muri kuona, kana paine Chokwadi, chinofanira kunge chiri chemuShoko. Nokuti, vanoti takava nezvinhu zvakasiyana-siyana, zvemafuta aiyerera nemuvanhu, nezveropa raibuda mumaoko avo, madzimai akarara nemusana muropa irori, richiyerera richidzika nekushangu dzavo, zvino vozosimudza shangu dzavo vodurura mafuta kubvamo, nematya achisvetukamo achibuda otatuka achidzika nepuratifomu, uye nezvimwewo zvinhu zvakasiyana-siyana zvakafanana nazvo. Hapana zvinhu zvakadaro muBhaibheri. Hapana vimbiso yezvinhu zvakadaro, muBhaibheri. Kunze kwekuti, Rakati, “Mumazuva okupedzisira, mweya wacho uchange uri pedyo nepedyo zvokuti dai zvaibvira waitonyengera Vasanangurwa.” Asi hapana Gwaro raizvozvo.

¹⁵² Asi kana tasvika pane zveShoko raMwari rechokwadi, risina kusvibiswa, rakasimbiswa naMwari, Rinoita serinonyadzisa rimwe boka, riri kudivi rezvekupengereka. Munoono, pane zvinonyadzisa pamusoro paRo.

¹⁵³ Asi iZvokwadi kumurume kana mudzimai, mukomana kana musikana, uyo ari Mukristu wechokwadi. Apo Mwari paakapa vimbiso yerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, ukaUgamuchira, pane chimwe Chinhu chinozorora mauri, zvokuti hapana chinogona kutora nzvimbo yacho. Kana munhu akasangana naMwari; kwete mune zveanyawo, kana mukungonakidzwa, kana mune dzidziso yezvekunamata, imwe katekizimo kana dzidziso, kana chitendwa chaanenge agamuchira kuti chi—chimunyaradze, asi kana akanyatsosvika panzvimbo yakasvikwa naMosesi, seri kwerenje, ugofamba wakatarisana naMwari Samasimba chiso nechiso, ugoona Inzwi richitaura newe, zvichienderana neShoko nevimbiso yenguva, pane zvaRinoita kwauri! Munoono, haunyare naZvo, Zvine

zvazvinoita kwauri. Zvino, regai titarise zvino, kwemaminitisi gumi nemashanu anotevera.

¹⁵⁴ Pane vamwe vanhu vanogamuchira chiitiko chakadaro. Uye sekutaura kwandiri kuita nemi nhasi, kwete sechechi kana sesangano, ndiri kutaura newe pachako; kwete nokuda kwekuti unouya kuno patabhanakeri ino, nokuda kwekuti ndinokudai uye munondida, kwete nokuda kwaizvozvo. Regai nditaure nemi semunhu anofa, nokuti rimwe ramazuva unofanira kusvika kumagumo ehupenyu huno. Zvino pamwe ndinenge ndisipo, uyewo mumwe muparidzi anogona kunge asipo. Asi pane Mumwe Anogona kusangana newe ipapo, zvino ndiMwari. Zvino iwe—iwe chiterera kwaZviri, kwete nokuda kwekuti “mudzimai wangu Mukristu akanaka” kana kuti—kana kuti “murume wangu Mukristu akanaka,” asi, “Ini ndakarurama here kuna Mwari? Ndakasangana naMwari nenzira iyoyo here?” Kwete nokuti “mufundisi wangu akasangana naMwari,” kana nokuti “mudhikoni wangu akasangana naMwari,” asi, “Ndakasangana naYe here?” Kwete nokuda kwekuti “ndakadanidzira,” kwete nokuti “ndakataura nendimi,” asi nokuti, “Ndakasangana naYe seMunhu!” Zvadarwo hauzofa wakanyara naZvo, pane Chimwe chakanyatsokwana chakachena, uye chiri chokwadi.

¹⁵⁵ Uye rangarirai, unogona kusangana neMweya unogona kuita saMwari. Unogona kusangana nemweya, unoita *izvi*, *izvo*, kana *nezvezvo*; utevere zvisihoma ugoona kuti unoenderana zvakadini neShoko raMwari. Unogona kusangana nemweya unokutaurira kuti iwe wakaponeswa, uye ugokupa manzwiwo anoshamisa, zvokuti unobva wadanidzira nekurira; zvino kana zvasvika pakuramba Shoko, ko zvingaitike sei kuti Mweya Mutsvene, wakanyora Shoko, ugoramba Shoko raWo Iwo womene? Mweya iwoyo unofanira kubvumira vimbiso dzose dzaMwari ne “ameni”! Kana zvisiri izvo, zvino hauna kumbosangana naMwari, wakasangana nemweya wekunyengera. Uye nyika izere nawo muzuva rino!

¹⁵⁶ Asi mukaona Mwari achidzika oita chitaurwa, chokuti Achaita chimwe chinhu, zvino odzoka kuzozviita, nguva nenguva nenguva, zvdaro mune Mweya waMwari weChokwadi.

¹⁵⁷ Ko Mweya ungagova sei pamunhu, Mweya Mutsvene wakanyora Bhaibheri, wozoshanduka uchiramba, “Hazvisiri izvo, Zvaive zverimwe zuva”?

¹⁵⁸ Akati, “Vimbiso ndeyenyu, nekuvana venyu, nekune avo vari kure, neavo vachazodanwa naJehovha Mwari wedu.” Ndiwo Mabasa 2:38. Ko zvino mweya ungagamuchira sei zvakasiyana naZvo, ugonge uri waMwari, apo vaHebheru 13:8 yakati, “Jesu Kristu ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi”?

159 Ko toti mumwe munhu akati, “O, ndinotenda kuti Aiva nyanjere. Akanga ari munhu wakanaka. Akanga ari muporofita. Asi zvine chekuita nesimba raKe . . .”

160 Ndaitaura pane umwe usiku naGeorge Smith, mukomana ari kufambidzana nemwanasikana wangu, Rebekah; mwana akanaka, akatiimbira muno mutabhanakeri. Mukomana wechiBaptisti achangatora, akavaudza, “Bvisai zita rangu pachinhu icho! Handinei nechokuita nacho.” Zvino pakanga paine mumwe mudzimai wechidiki. . . Vakanga vaine musangano, weimwe chechi yeBaptisti, kumusoro kumakomo.

161 Uye—uye vanonyatsopesana neni zvakasimba, vose kunze ikoko, uye nezvekusa. . . Havana chavanopikisana neni; vanopikisa Shoko rino. Ini, semunhu, hapana zvavanogona kutaura nezvangu, handisati ndambovaitira chakaipa. Asi *Izvo* ndizvo zvavanoty. Maona? Zvino taive. . .

162 Vakanga vari kuita musangano uyu kumusoro ikoko, ndizvo ndanga ndiri kureva, zvino vakanga vaine, vaizova nemumishinari aizotaura pamanheru emazuva matatu okupedzisira emusangano mukuru uyu, kumusoro kumakomo uko kwaitonhorera. Zvakaitika kuti, mumishinari uyu akasimuka ndokusvika pana Marko 16, zvino ndokuti, “Kune vanhu vakawanda nhasi vasingakwanise kutenda mukupodzwa naMwari.” Ndokuti, “Ndakanga ndiri kuIndia. Ini ndiri muIndia. Ndakanga ndiri kuIndia apo mumwe murume wekuno kuUnited States, anonzi iye Hama Branham, akauya.” Mufundisi akatanga kufamba. Ndokuti, “Mudzimai wangu akange ave kufa nekenza. Ini ndaive bofu,” kana zvimwe zvakadaro. “Akanamatira mumwe wedu, mumwe akamudana kubva muungano, asingatomboziva mutauro wedu, zvino ndokutaura Simba raMwari.” Akati, “Tiri pano, takapodzwa!” Saka, vakaedza kumunyararidza. Vakataadza kuzviita. Ndizvo, munoona, imo mumusangano wavo chaimo.

163 Vakatosvika pokuzviramba zvose. Zvino vamwe vevanhu ava, kunyangwe wekwangu. . . hanzvadzi yemukomana uyu, avo vaiva panzvimbo iyi, vakashaya kana chimwe chokutaura. Vaida kuziva kana paiva nekahukama nemusikana uyu, kuti vagowana nzira yokuwana nayo zvavaida kuziva.

Mumwe wemadzimai aya akati, “Ndizvo, ndinozvitenda.”

164 Rebekah naGeorge vakaenda kunoona mudzimai uyu. Akaenda akanotora musikana akanga achirwara ne—ne. . . zvinoita sokunge kusakwana kwepfungwa, zvishoma. Saka vakanditi ndiuyeko ndione musikana uyu, pane humwe husiku. Zvino ndakaendako, mudzimai muduku uyu akanga ageremo, ini ndikati, “Uri mutendi here?”

165 Akati, “Kwete, handizive kuti ndiri here kana kuti kwete.” Saka, akanga asina kushomekerwa nepfungwa; aingova mweya wetsvina. Havazvize. Munoona, zvinokubata, zvino iwe

hauzvizive. Unouya, zvino mweya wekurwisa unomukunda munhu wacho, uye havavzive.

¹⁶⁶ Madzimai anofamba mumigwagwa, vakapfeka zvikabudura, havavzive. Vanogona kunge, vanogona kuedza kuratidza vagopika, kuti hapana chakashata chavakaitira murume wavo, kana nezvimwewo, saizvozvo. Asi mumoyo mavo, havazivi, asi mweya wadhiyabhorosi unenge watora chisimba pamusoro pavo. Vakabatwa nawo. Ko munhukadzi angadirei kukumura hanzu dzake, kubvisa pamberi pemunhurume? Pane munhu mumwe chete akazviita, muBhaibheri, nokuti waipenga. Vamwe vanoedza kuzvifukidza; havavzivi. Zvine mano mazhinji, zvine hunyengeri! Unofanira kuzvingwarira, wozviyera pachako neShoko raMwari, woona paumire.

¹⁶⁷ Mudzimai wechidiki uyu akati, “O, vakandiudza kuti ndakabhabhatidzwa ndiri mwana muduku.” Ndokuti, “Handizivi kuti ndotenda zvinhu izvi here kana kuti kwete.”

Ini ndikati, “Hautende here Jesu Kristu?”

¹⁶⁸ Iye akati, “Hamheno, handizive kuti ndinotenda here kana kuti kwete.” Akati, “Zvimwe zviya zvamapipi, handizvitende.”

¹⁶⁹ Ndikati, “Zvakanaka, ichokwadi, hautende zvinhu zvamapipi.” Ini ndokuti, “Asi unotenda here kuti Aiva Mwanakomana waMwari?”

“O,” ndokuti, “Aigona kunge ari.”

¹⁷⁰ Ndikati, uye ndikati, “Unotenda here kuti ndiYe mumwe chete nhasi, Mwari anogona kukuponesa?”

¹⁷¹ Mudzimai ndokuti, “Ndezvimwe here zviya zvekuti kune mashura nezvimwe zvakadaro? Handitende zvakadaro.”

¹⁷² Zvino ndakati, “Ko unoita sei kana ukagara mumusangano woona Mwari, Mweya Mutsvene, anova ndiye oga Mwari aripo, achishanda pakati pevanhu; Mwari ari muhuBaba, Shongwe Yemoto, ne vaporofita; Mwari ari muMwanakomana waKe; tevere Mwari ari muvanhu vaKe? Zvinongori zvizenga zaMwari, Mwari mukuru mumwe Uyo anozadza Ziendanakuenda.” Ndikati, “Chii chaungaone kana Iye, ari pakati pevanhu vaKe, oita kuti ma—mapofu aone, matsi kuti dzinzwe, nokutarisa kuungano achiudza vanhu matambudziko avo, sezvaAkaita Ari pano panyika?”

Iye ndokuti, “Ndinotenda kuti ndezve huvuki.”

¹⁷³ Ini ndikati, “Uri muchinhano chakaipa kudarika zvandanga ndichifunga kuti ndizvo zvaUri. Zvingadai zviru nani dai wanga uchipenga, munoona, hapana chawaipindirira.” Asi ndakati, “Wakangogarwa nemweya wakaipa.” Ndakati, “Apo Jesu akaudza mudzimai wepatsime nezvevarume vake, paAkatarisa kuvanhu akaziva pfungwa dzavo, ungazviti here ndezve huvuki?” Maona, akaputirwa musangano, rinonzi Lutheran, zvokuti chose chinopesana naro chakatsveyama!

174 Zvino Mwari vanoda munhu akaputirwa muShoko. Chose chingapesana Naro chakatsveyama! Jesu akati, “Regai shoko rose remunhu rive renhema, asi raNgu rive Chokwadi.”

175 Paiva nemurume muchizvarwa chezve sainzi chaidzo, ainzi Nowa. Akanga asinganyare neShoko raMwari. Mwari vakasangana naye, Vakataura naye. Akaziva kuti aiva Mwari. Uye Vakati, “Kuchanaya!” Hakuna kunge kwambonaya, asi akatenda kuti kwakanga kuchazonaya. Uye kutenda kwaakanga ainako, haana kunyara kukushandisa. Akatora makore zana namakumi maviri kuti avake areka, apo nyika yaimupikisa. Akanga asinganyare neShoko raMwari, muzuva rake. Mwari vakamuponesa pamwe nemhuri yake, nokuda kwaizvozvo. Paiva ne. . . Zvaiita sezvine hupenzi kune vamwe vanhu; asi, kwaari, akasangana naMwari. Zvisinei kuti zvimwe zvaienderana nesainzi zvakadini, zvakanga zvakapesana, apo zvichinzi “hazviitike, hazviitike,” akasangana naMwari!

176 Ndizvo zvazviri kana uchiziva kuti uri kutaura naYe! Unogona kufunga kuti chinhu chine hupenzi kana mumwe munhu. . . Apo, ndinoziva kuti pane vanhu vashoma pasi pano vanobatirira pane zvandinotaura kuti iChokwadi. Kumira pano uchiti, “ZVANJI NAJEHOVHA, ndiri kuenda kuArizona, ikoko ndichanosangana neNgirozi nomwe dzakaita tsumbu,” zvakana, paiva neboka revarume vakanga vakamira ipapo vachiona zvichiitika. Humwe husiku, ndakati, “Los Angeles ichawira munyanza.” Asi kana wakasangana naMwari, uye Mwari Asingakundike, Mwari Anonyatsoita chaizvo izvo zvaAkati Aizoita, Agara achizviita, hauzonyara nazvo pakadaro. Hauzofambi uchidzokera shure wava kunyara nazvo; unogona kuudza pasi rose. Kana munhu akasangana naMwari, akataura naYe, humazvirokwazvo hwaMwari hunobva hwave hwake mumoyo make, haanyari naZvo.

177 Nowa akange asinganyare. Zvaiita kunge hupenzi kunyika yose, asi kwete kwaari.

178 Mosesi, paaive pamberi paFaro, akanga asinganyare kutaurira Faro kuti zvinhu zvakati zvichaitika, nokuti akanga asangana naMwari. Mwari vakamuudza, mugwenzi raipfuta. Mosesi akati, “Ndi—ndinondandama.” Ndizvo zvaakanga ari, kusanyatsogona kutaura.

179 Vakati, “Hoyo Aroni wouya. Iwe chiva Mwari kwaari, uye iye achava muporofita kwaari. Ndinoziva kuti anogona kutaura zvakana. Asi Ini ndichava nemuromo wako. Ndiyani akaita kuti munhu ataure?” Amen. Ndinozvifarira. Ndiye Mwari. “Ndiyani akaita kuti munhu ave matsi kana mbeveve, kana kuti ndiyani akaita kuti munhu ataure?” Mwari akazviita.

Akati, “Ishe, ndiratidzei kubwinya kweNyuu.”

Ndokuti, “Chii chiri muruwoko rwako?”

Iye ndokuti, “Chimuti.”

¹⁸⁰ Ndokuti, “Chikandire pasi,” icho ndokushanduka kuva nyoka. Ndokuti, “Itore zvakare,” yakadzoka kuva chimuti zvakare. Ameni. Iye ndiMwari, “Isa ruwoko rwako muchipfuva chako.” Akarwuisa, ndokurwuburitsa, rwakachena nemaperembudzi. Ndokuti, “Rwudzosere ugorwuburitsazve,” zvino rwakanga rwaita serwumwe ruwoko. “Ndiri Mwari.”

¹⁸¹ Zvadaro akafamba kuenda pamberi paFaro ndokutaura zvaAkamuti ataure. Akati, “Zvichange zviri *zvakati nezvakati.*” Akatora jecha ndokurikandira mudenga, achiti, “ZVANZI NAJEHOVHA, nhata ngadziuye panyika,” uye nhata dzakauya. Ndokutora mvura ndokuidururira murwizi, ndokuti, “ZVANZI NAJEHOVHA,” zvino nzizi dzose nezvose zvakashanduka kuva ropa. Ndokudana chivhuramahwe kubva kudenga.

¹⁸² Munoziva, mumazuva okupedzisira kunofanirwa kunge kuine matenda aya achidzokororazve. Zvino rangarirai, mhombwe, mumazuva eBhaibheri, mutongo wake waive kufa achitakwa namabwe. Zvino chechi isingatendi ichatakwa namatombo kusvika yafa, nezvivoramahwe, yaimbova nzira yaMwari yekuranga. Achataka nemabwe nyika ino isingatendi, chizvarwa chino chehupombwe. Achavatema kubva kudenga, nezvivoramahwe chimwe chazvo chiine huremu hwetarenda, hunorema zana remapaunzi. Chechi mhombwe ichafa, nyika yehupombwe ichafa pasi pemurango waMwari, ichitemwa namatombo, sezvaAkamboita pakutanga. Gadzirisanai zvakana kana Mwari, chechi! Ndizvo zvatnofanira kuita tose, kudzokera kuna Mwari!

¹⁸³ Mukweguru azere hukushe kumeso, nendebvu dzakachena, nemhanza, mawoko akawondoroka, uyo Eriya aiva nemakore makumi masere akanga ageremo murenje, akatarisa pazvivi zvavanhu. Mwari vakataura naye mamwe mangwanani, ndokuti, “Enda zasi uko unoudza Ahabhu kuti hakuna kana dova richazodonha kubva kudenga kusvikira watoreva.”

¹⁸⁴ Ndiri kuona maziso ake maduku achitarisa kubva nemundeavu chena dzakaita hukushe, chimuti chiya chiri muruwoko rwake, achifamba achidzika nenzira sejaya rine makore gumi nematanhatu. Ndokufamba achienda kunopinda chaipo pamberi pamambo, ndokusvikoti, “Hakuna kana dova richabva kudenga kusvika ini ndareva.” Akanga asinganyare naMwari kana Shoko raKe; kuudza mambo kana mumwewo munhu. Akanga asinganyare. Hazvaida kuti ahwande, oti, “Iye zvino, Ahabhu, uchava . . .”

¹⁸⁵ Zvinondirangaridza chimwe chinhu chakaita sesu. Zvino ndakati kuvanhu, “Ndave kusvika pachinzvimbo, pandava kuda kutenda kwakawedzerwa.” Ndizvo zvandauyira kuno kumusha kuti ndiwane kutubuka ku—kutsva kwekutenda.

186 Ndakaona, zvinoita sokunge, paunonamatira vanhu, unokumbira ruregerero, “VaDhiyabhorosi, ndapota mungabvawo here mundirege ndi . . .?” Hapana! Kutenda kune mamhasuru, nemamvere pachipfuva. Kana kwataura, zvimwe zvose zvinonyarara. Usapinde, “VaDhiyabhorosi, budai panze?”

187 “Ibva pano! Ndiri mwanakomana waMwari, ndakatumwa naMwari. Vasiye vakadaro!” Ndizvo zvinofambisa. Haukumbire ruregerero kuna dhiyabhorosi, haunei nechokuita naye. Haunyare neShoko raMwari, haunyare nokutumwa kwako, haunyare kuti tiri vana ani.

188 Kunyara kwangu kwoga, kuti ndiri muBranham, ndiko kuberekwa kwangu pano pasi. Ndinonyara nokukundika kwangu.

189 Asi semuranda waKe, handinyare! Handinyare neShoko raKe. Kana angava masangano, madzimambo, varemekedzwa, kana zvazvingava; ndakagadzirira kupa mhinduro, Mwari anozviraira.

190 Mosesi wakafamba kuenda pamberi paFaro. Akanga asiri kunyara kumutaurira kuti havasi kuzorerutsa uye nokunoita mazuva ake *akati-kuti* vari murenje.

Akati, “Mamwe madzimai ngaasare, nevana venyu.”

191 Ndokuti, “Tose tiri kuenda! Hapana kana nehanda rimwe riri kuzosara, tiri kuzatora mombe dzedu nezvose.” Akanga asinganyare. Sei? Akanga apinda muChiedza cherudzikinuro.

192 Ndicho chikonzero murume kana mudzimai, anorwara kana zvimwewo, akangopinda kamwe muHupo hwaMwari, obva aziva kuti Mwari vamupodza, wave kupinda muChiedza cherudzikinuro. Haurerutse pane chinhu chipi zvacho.

193 Rudzikinuro rwaiva mumoyo make, nokuti akanga asangana naMwari Uyo akati, “Ndini Mwari waAbrahama, Uyo wakapa Abrahama vimbiso. Uye nguva, nguva yerudzikinuro, yekusunungurwa, yasvika. Ndiri kukutuma zasi ikoko kuti unovabudisa.” Chii chokukumbirira ruregerero, pane zvakadaro?

194 Faro aigona kunge akamuuraya. Aingovawo munhu. Aive nhapwa. Aigona kunge akamuuraya. Asi akanga asinganyare neShoko. Haana kuuyako achigwadama namabvi achigombedzera Faro. Akati, “Ndauya kuzovatora.”

Faro akati, “Zvakanaka, haukwanise kuvatora!”

195 Akati, “Zvakanaka, naizvozvo kuchava nenhata panyika, kusvikira muchafamba madziri.” Uye ndizvo zvakaitika.

Akati, “O, Mosesi, dzibvise!”

Ndokuti, “Zvakanaka. Zvino watendeuka here?”

Ndokuti, “Saizvozvo, munogona kuenda kwemazuva *akati* murenje.”

196 Akati, “Zvino nhunzi dzichauya.” Amen. Ndokuti, “Rima richauya.” Kwakanga kwakasviba zvokuti hapana pawaiona.

197 Zvino pakupedzisira rufu rwakauya. Kubva pana Faro kusvika pamuranda, kwakava nerufu rwedangwe mumhuri. Hapana waaikumbira ruregerero. Akanga ari mwanakomana waAbrahama, akaberekwa muMweya waMwari, aine kutumwa kubva kuna Mwari, Mharidzo yaMwari, kuti adzikeko andobuditsa vanhu ikoko.

198 Naizvozvo, ko Mwari haagoni here kuva nokudana kumwe cheteko munguva ino, kubuditsa Mwenga kubva muchechi? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Dhaniere haana, kana kuti. . .

199 Dhavhidha, ndiye wandiri kureva, akanga asingatye pamberi paSauro. Apo munhu wose akanga ari kutya Goriati kunze uko, akanga asingatye kuendako. Ndokuti, “Muranda wenyu. . .” Kamuchinda kaiita sokunge kakangoperezeka aka kakati, “Muranda wenyu akanga achifudza makwai ababa vake, zvino bere rakauya rikatora imwe yadzo. Ndakaridzingirira murenje ndikariuraya, nechivhii ichi. Shumba yakauya.” O, zvangu ini! “Shumba yakauya ndokubata imwe yadzo, ndokutizira murenje, ndokuidonhedza pasi nechivhii. Payakamuka, ndakaiuraya.” Akati, “Zvino Mwari. . .” Mambo uya akadzokera kumashure akanga akamirapo, nemasoja mvutye-mvutye vaiti vanoshumira Mwari woKudenga, vachirega Mufiristia asina kudzingiswa akamirapo achizvidza mauto aMwari mupenyu. Akati, “Muranda wenyuwo zvakare achamuuraya. Nokuti, Mwari Uyo wakaisa mumawoko angu shumba nebere, uchandipa uyo muFiristia asina kudzingiswa.” Haana kumbondandama, haana kuti, “*pamwe* zvichaitwa.” Akati, “Zvichaitwa!” Haana kumbonyara.

200 Dhaniere, pamberi pamambo, haana kutya kusaterera murairo wake wokuti hapana aifanira kunamata, kunze kwaari iye oga. Akavhura mahwinda ndokuavhizurira mudenga, akanamata katatu pazuva. Akanga asingatye.

201 Shadraki, Meshaki, naAbhedhinego, vakanga vasingatye biravira remoto. Vakati, “Mwari wedu anogona kutidzikinura. Mwari anokwanisa kutidzikinura. Asi kana Akasazviita, hatisi kuzogwadamira chimupunzo chenyu.” Vakanga vasinganyare. Kwete, changamire. Kwete, changamire. Zvirokwazvo vakanga vasinganyari nazvo, nokuda kwekuti vaiziva.

202 Samsoni akanga asinganyare pamberi pavaFiristia. Apo chiuru chakamhanyira kwaari, akanonga shaya yenyurusi. Zvino iwo maheremende, akanga akakora kuda inji imwe chete nechidimbu, ari endarira. Akauraya chiuru nayo, asi akaramba aine shaya iyi muruwoko rwake. Akange asinganyare. Akangosimudza icho chakanga chiri mumawoko ake, ndokuchishandisa. Aiziva kuti Mweya waMwari wakanga

uri pamusoro pake. Aiziva kuti akaberekwa ari muNazire. Aiziva kuti hapana chaigona kumukanganisa. Akanga ari muranda waMwari. Apo ainge ari mukuda kwaMwari, hapana chaigona kumira munzira yake, zvisinei nehuwandu hwemadzimambo nemaFiristia, kana chingave chii chaiuya. Ndizvo.

²⁰³ Johane akange asinganyare neShoko raMwari rakauya kwaari murenje, rikamuudza kuti aende kunobhabhatidza nemvura. Haana kumbonyara kuti, “Tarirai Gwayana raMwari rinobvisa chivi chenyika,” nokuti Mweya waMwari wakanga uri pamusoro pake. Akanga asinganyare pamberi pavaprisita.

²⁰⁴ Akanga asinganyare neShoko raMwari apo akafamba kuenda kuna Herodhe. Mudzimai waFiripi akanga achigara naHerodhe. Ndokufamba kunotarisana nechiso namambo! Mutana uyu akange abva murenje aiva nohuso huzere nehukushe, akauya achibva naikoko, asina kudzidza kana chimwe chinhu, ndokufamba kusvika atarisana chiso naHerodhe, ndokuti, “Hazvitenderwi kuti ave mudzimai wako!” Akanga asinganyare neShoko raMwari. Ichokwadi. Zvirokwazvo akanga asinganyare naRo.

Stefano, akanga asinganyare neShoko raMwari.

²⁰⁵ Kutanga, vanhu vepentecosti kumusoro uko neZuva rePentecosti, apo vakaungana mumba yepamusoro, Mweya Mutsvene wakawira pavari, nevimbiso yaMwari. Ruka 24:49 inoti:

...tarirai, ndinotuma pamusoro penyu chipikirwa chaBaba vangu: asi imi mirirai...muguta reJerusarema, kusvikira magamuchira simba rinobva kumusoro.

²⁰⁶ Uye iyo vimbiso chaiyo iyo yavakavimbiswa neShoko raMwari, “Tarirai, ndinotumira chipikirwa chaBaba vaNgu pamusoro penyu, asi miriraiko; musatsvaga dzidziso dzebhaibheri kana fundo, nezvimwe zvakadaro, mirirai kusvika mazadzwa neSimba.” Zvino Simba riya rakabva Kudenga parakasvika, semhepo huru iri kuvhuvhuta, havana kunyara neEvhangeri.

²⁰⁷ Petro akasimuka, ndokuti, “Tendeukai, mose. Imi varume, nemawoko ane hutsinye, makaroverera Muchinda weRugare, uyo akamutswa naMwari kubva mukufa. Uye isu tiri zvapupu. Nokuti izvi ndizvo zvakanzi naJowere ndizvo zvichaitika mumazuva okupedzisira, ‘Ndichadurura Mweya waNgu pamusoro penyama yose.’” Haana kumbonyara neEvhangeri.

²⁰⁸ Stefano mudiki, sokutura kwandamboita nezvake maminiti mashoma apfuura, apo akapfuura nepo secha—cha—chamupupuri chikuru. Akanga asiri muparidzi. Akanga achingori mudhikoni, asi aipupura kwese-kwese pamusoro perumuko. Akanga asangana naMwari. Uye zvakangoita se. . .

209 Ungaedza kumumisa? Zvakanaka, zvakafanana nekuedza kudzima i—imba, imba iri kubvira, kudzima moto, pazuva rine mhopo, munguva dzakawoma. Nokutika, pose panovhuvhuta mhopo, inobva yatungidza mumwe moto.

210 Vakamhanya naye kuSanhedrin Council. Munogona here kucherechedza kuti ingavei? Yakaita seEcumenical Council. Zvinamato zvose zvinobatana, zviri pasi peEcumenical Council. Zvose zvaibatana zviri pasi peSanhedrin Council. VaFarisei, vaSadhuse, vaHerodhe, chingavei icho vaive, vaitofanirwa kupinda mukanzuru iyi. Vakaenda naye zvechisimba, kwete sangano rimwe, asi akatorwa nekanzuru huru. “Tinoda kumutyisidzira zvokufa.”

211 Paakasvika, mangwanani aya, Bhaibheri rinoti chiso chake chakaita secheNgirozi. Akati, “Varume nehama, regai nditaure nemi. Madzibaba edu aigara kuMesopotamia vasati vauya kuHarani,” nezvimwe zvakadaro. Aipota achibva apa nemaGwaro acho. Zvino paakazosvika pakubatikana, Mweya wakauya paari, iye ndokuti, “Imi vemitsipa mikukutu, musina kudzingiswa mumoyo nenzeve, munogara nguva dzose muchidzivisa Mweya Mutsvene; sezvakaikwa nemadzibaba enyu, ndizvo zvamunoitawo.” Akanga asinganyare neEvhangeri, akanga asinganyare neShoko. Akange asinganyare pamberi peSanhedrin Council. Kwete.

212 Pauro akati pamberi paAgripa. Ari muJudha, akadzidziswa pasi paGamarieri, akanga ari muremekedzwa mukuru. Asi rimwe zuva, panzira inoenda Dhamasiko, akapinda muHupo, akasangana naMwari. Ngirozi yakaburuka kubva Kudenga, seShongwe yeMoto, Chiedza chakamurovera pasi. Akasimuka, ndokuti, “Ishe, Ndimi Ani?”

Iye akati, “Ndini Jesu.”

213 Akamira pamberi paAgripa, akadzokorora nyaya iyi zvakare. Akati, “Handinyare neEvhangeri yaJesu Kristu, nokuti Ndiro Simba raMwari rekuponesa, kune wose anotenda.” Ichokwadi.

214 Zvino, vashamwari, tauya tichidzika nemunhu, nemuzvizvarwa, asi tapfuurira nguva.

215 Asi regai nditaure izvi. Munhu akambosangana naMwari, anova Shoko, uye Shoko rikaiswa pachena rikaratidzwa kwaari, panenge pasisina chokunyara. Haunyare. Hazvindinyadzise kuti nditi ndinotenda Shoko rose raMwari. Hazvindinyadzise kana Ishe vakanditi nditaure chimwe chinhu, unoenda wochitaura wochiita; hazvindinyadzise kutaura kuti ndakazadzwa neMweya Mutsvene; hazvindinyadzise kutaura kuti ndakataura nedzimwe ndimi; hazvindinyadzise kutaura kuti Ishe wedu akandiratidza zviratidzo; hazvindinyadzise kutaura kuti Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

216 “Kana uchinge waunzwa pamberi pevatongi nemadzimambo, nokuda kweZita raNgu, usafunganya kuti uchataurei, nokuti zvichapiwa kwauri panguva iyoyo. Hauchisiri iwe unenge uchitaura, asi Baba vaNgu vanogara mamuri. Asi uyo anonyara neNi neShoko raNgu, muchizvarwa chino, iye ndichamunyara pamberi paBaba vaNgu neNgirozi tsvene.” Mwari vatibatsire kuti tisanyare, asi vatibatsire kuti tive chapupu chinorarama.

217 Munhu wese muTestamende yeKare, vaporofita pavakauya, vakabva vava—vakabva vava Shoko rinorarama. Vaive Shoko. Jesu akati vainzi vanamwari, zviru izvo zvavaive, nokuti Shoko raMwari raiuya kwavari. Vaiti, “IZVANZI NAJEHOVHA.”

218 Uye mudzidzi wose waKristu uyo wakasangana naYe murudzikinuro, neruponeso rwapinda mumoyo make, anenge ave naMwari. Zvino tinofanira kurarama hupenyu hwakadini, uye toita mafambiroi, uye totaura sei, kana Mwari Achizvimiririra nemumitumbi yedu inofa? Ndiani anganyara nezvakadaro?

219 Kana zvikaitika kuti ndiri mupurisa muno muJeffersonville, ndichifamba ndichidzika nenzira, ndiine masimba ose, handingambonyari neguta. Ndinenge nditori chikamu cheguta. Ndinenge ndiri mupurisa, chikamu cheguta, kuchengetedza hurongwa nemazvibatiro. Munhu akapinda robhoti dzvuku, handinyare kumutaurira kuti akanganisa, ndomupa tikitiki. Ndiri basa rangu, nokuti ndiri—ndiri kubhadharwa neguta. Ndiri kuraramiswa neguta. Ndine simba remvumo kubva kuguta. Kunyangwe kana akadhakwa, kana ringava dambudziko ripi raainaro, vanonditsigira. Ndinomira ndisingadzokeri shure, nokuti ndiri mupurisa uye kana kuti- . . .Ndakagadzwa, kana kuti kuiswa pano nokupiwa masimba ekuzviita. Unofanira kutora murairo nekodzero, nezvimwe zvinhu, ugoona kuti zviru kufambiswa zvakanaka.

220 Zvino, kana ndiri Mukristu uye ndakazadzwa neMweya, ndakafuka chapupu chokumuka kwaJesu Kristu, kuti Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi, usatendere dhimoni ripi zvaro kukutenderedza, richiti, “Haugoni kuita izvi uye haugoni kuita izvo.” Unogona iwe kuZviita. Mwari wakakupa . . .

221 Munooni, hatina simba. Mupurisa uya haana simba rokumisa motokari imwe. Ndezve . . .dzimwe nguva dzine injini ine simba ringaenzaniswe neremabhiza mazana matatu kana mana, angagoiteiwo pamusoro pazvo? Asi ane simba remvumo.

222 Zvino ndiyo Chechi. Tine simba remvumo, kubudikidza nerumuko rwaJesu Kristu neShoko raKe rakavimbiswa, hareruya, “Zvinhu zvandinoita muchazviitawo zvakare; muchaita zvinodarika izvi, nokuti Ndinoenda kuna Baba.”

223 Usanyare naYe muchizvarwa chino; chezvivi, nokushamisika, chizvarwa chokupedzisira kuva panyika, chino chezvivi, chehupombwe, uye chizere nemaronda akawora. Zvose, zvose zvanga zvakatsiga zvave kunyadzisira. Zvematongerwo enyika, tsvina! Nyika dzapamuka.

224 Uko mukati mumasango muAfrica, kwaiva navavhimi vemhuka vekunze, vaiva namaredhiyo anesimba rokubata nhepfenyuro yekure kuti vanzwe Elvis Presley, Pat Boone, nevamwe vanoita zve rock-and-roll nekutamba vachizvonyongoka. Zvino vechitema veko, vaiedza kuvatarisa vachitamba zvavaiita, vachigutsurira misoro yavo vachiita saizvozvo, vatema veko vakangomira vachimutarisa. Asi, munoona, havasi vekuAmerica saPat Boone, naElvis Presley, naRicky Nelson, asi ivava ndokwavanobva. Havasi vanaJudhasi vemhando iyoyo, asi vari. . . Munoona, mweya. Zvino mweya wacho hausi bedzi muAmerica, wapararira pasi rose, kuvaunza kuhondo yeAmagedhoni. Vanoita saizvozvo, kunyangwe vari. . . Ingava nyika ipi yavangabva, Africa, India, kungava kupi, zvinyadzi izvi zvapararira pasi rose, zvangotangwa nemunhu mumwe chete.

225 Ndizvo zvimwezvowo neEvhangeri neSimba raMwari Samasimba, rapararira pasi rose! Uye nguva yekupatsanura yave kutoitika iko zvino, apo Mwari ari kudana Mwenga, uye dhiyahorosi ari kudana chechi. Regai ndive chikamu cheMwenga!

Ngatinamatei.

226 Mwari vanodikanwa, tinoona zvinyorwa pamadziro, Ishe. Tave panguva yekuguma. Tinoziva kuti pane zvinhu zvikuru zviru mberi, asi zvakadaro pane imwe nzvimbo, pane imwe nzvimbo mumatakanana kunze uko, kuchiine vanhu vakatendeka vakatemerwa kuHupenyu. Hazvingagoneki kuti munhu mumwe kana vaviri; asi, Mwari, tose pamwe chete, ngatishambadziirei mukona yose yatingagona, nhau yakanaka yokuti Jesu ari kuuya, uye, munoona, ingogovera kaChingwa kadiki, Shoko duku. Pose pane Zvapungu, zvinotevera Chikafu ichi. Zvisinei kuti Chauya netepi, kana kuti Chauya neshoko kana nechapupu, Zvapungu zvinoChitevera kumuzinda waCho. Nokuti Zvakanyorwa zvichinzi, “Pane Mutumbi, ndipo panoungana Zvapungu.” Jesu Anodikanwa, tinoziva kuti Ndimi Mutumbi watinodya. Ndimi Shoko, uye Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu. Tinonamata, Mwari, kuti apo patinenge tichiparadzira Shoko, kuti Zvapungu zvechokwadi zvigoRiwana.

227 Itai kuti tisanyare kana tamira pamberi pevanhu, vakashata, vanhu vasina hany’a, vezvinamato, vangavei. SaPauro akaudza Timotio:

...Ngatirambe tichidaro nenguva yakafanira, kunyange isakafanira; raira, tuka, ne... nomoyo murefu zvikuru nokudzidzisa.

Nokuti nguva ichasvika yavacharamba kutendera dzidziso yakarurama; asi pakuchiva kwavo vacha... zviunganidzira vadzidzisi, vachida kufadzwa panzeve dzavo;

Uye vachatsautswa... kubva pazvokwadi, ... vachitsaukira kungano.

228 Mwari, tiri kurarama muzuva iroro. Manditendera kuti ndirarama mazuva akawanda kuti ndizvione zvichiitika. Sezvo, izvozvi zvakaiswa ipo pano mudombo repakona retabhenakeri ino nhasi, kwemakore makumi matatu nematatu apfuura.

229 Mwari, ropafadzai wose ari muno. Kana paine mumwe muno, Ishe, asina kugadzirira kusangana neMi, zvokuti havanyatsowirirana neShoko reNyu, uye havasati vasangana neMi chiso nechiso uye vagoziva kuti hamungogamuchirwi ne—ne—nemamwe maitiro, sezvaungaite chitendwa kana zvimwewo, asi wasangana naMwari mupenyu; uye kana vasati vazviita, Ishe, dai vakazviita iko zvino.

230 Ndi—ndinotenda Muri—Muri pedyosa panguva ino. Handizivi kuti ndivanaani. Handitombozivi kana paine mumwe muno, asi ndiri kungonzwa kutungamirirwa kunamata kwaMuri. Kwete kuti vanhu vagondinzwa, kunenge kwave kuita kwemunyengeri. Mwari vasazvitendera. Handidi kuva munyengeri. Asi ndanamata nokuperera kwose mumoyo mangu, Ishe.

231 Angava murume kana mudzimai upi zvake waMataura naye mangwanani ano, dai mukuzvininipisa vakasanyara, asi pakadzika pemoyo wavo vagoKugamuchirai zvino, vachiuya manheru ano kuzobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, vachitevera Shoko rose, Shoko rose; kana vakambobhabhatidzwa zvakasiyana, kana kusaswa, kana kudirwa. Rangarirai (tinodaro, Ishe) kuti Makati, “Ani naani achatora Shoko rimwe kubva muBhuku, kana kupamhidzira shoko rimwe kwaRiri, chikamu chake chichabviswa kubva muBhuku reHupenyu.” Kunyangwe hake akaedza, akauya, akaisa zita rake pabhuku, ha—hazvishande. Dai tikaperera nokuzvininipisa.

232 Iye zvino vave mumawoko eNyu, Ishe. Chiitai navo zvaMunoona zvakafanira, nokuti ndeveNyu. NemuZita raJesu Kristu, Mwanakomana waMwari.

233 Zvino takakotamisa misoro yedu, ndinoda kuti mufungisise zvino. Ndinokumbira ruregerero, kutanga, nokunonoka nemaminitsi gumi nemashanu. Zvino tinoda kuimba nemahon’era. Uye iwe chingofunga mumoyo wako zvino,

“Ndakanyatsosangana here naMwari?” Chinyatsozvifungisisa zvakaperera zvino. Nokuti, hakuchina nguva dzakawanda zvichida kusvikira... Pamwe ndiyo nguva yokupedzisira zvino, yatichangosangana Kudzoka kwaKe kusati kwasvika. Kwave pedyo, vashamwari. Magwaro ose, zvinoita sokunge, ave kutozadzikiswa. Uye pamwe zvichida, kwauri kana kwandiri, zvichida uyu unogona kunge uri iwo mukana wedu wokupedzisira. Tinogona kuenda manheru asati asvika.

Ndichaenda naYe, naYe nzira yose.

Ndiri kunzwa, “Uri kunyara here neNi neShoko raNgu?”

Ndiri kunzwa Muponesi wangu...

²³⁴ Zvino chimbozvifungidzira seurere panhowo yako yerufu zvino. “Ndinonzwa...” Ipapo panogona kunge pasisina nguva, asi hazvina kudaro zvino.

“Tora muchinjikwa wako, ugo,” unogona kutopirisa iye zvino, “Nditevere.”

Zvino, mumoyo mako, pindura izvi:

Ndichaenda naYe nemubindu,

Ndichaenda naYe nemubindu,

Ndichaenda naYe nemubindu,

Ndichaenda naYe, naYe yose...

²³⁵ Iye zvino takakotamisa misoro yedu, ngatisimudzei mawoko edu tichiti:

Ndichaenda naYe nemukutongwa,

Iye zvino, ndizvo zviri kutoitika zvino, Ari kutitonga.

Ndichaenda...

Ishe, Muri kundiona ndiine mhosva here? Zvakadaro, ndiregerereiwo.

...nemukutongwa kwaKe,

Ko Munondiona ndakaita sei mangwanani ano, Ishe?

...naYe nemukuto-...

Ndiwongororei, Ishe, muone kana muine chinhu chisina kuchena mandiri.

...naYe, naYe nzira yose.

²³⁶ Baba, tinoKutendai mangwanani ano nokuda kwemawoko ose aya. Handina kuona kana munhu mumwe asina kuisa mawoko ake mudenga. NdinoKutendai, Ishe. Ndi—ndinotenda kana neMiwo mashayawo, Ishe. Hapana mumwe arega kusimudza mawoko avo, vagadzirira kupfuura nemukutongwa. Titongei, Ishe. Uye kana paine chakatsveyama matiri, tiregerereiwo nokuda kwazvo, Baba. Tipeiwo tsitsi dzeNyu, nokuti hatidi kusangana nokutonga kweNyu pasina tsitsi. Saka, tsitsi dziripo iko zvino, nokudaro tinonamata, Mwari, kuti

Muchatitonga nokutiregerera zviwi zvedu, sezviri maererano neShoko reNyu nevimbiso yeNyu. Uye itai kuti tiKuraramirei mazuva ose ohupenyu hwedu, tisinganyare neEvhangeri.

²³⁷ Zvino, Baba, kana kuri kuda kweNyu, tave kutanga neSvondo nhatu dzakatevedzana zvino, dzemisangano. Gadzirirai moyo yedu nokuda kwayo, Ishe. Ndigadzirirei, O Mwari. Ini ndini ndimire ndiri kuKushuvirai zvakadzama. Ndinonamata kuti Mugonditungamirira nokundipa gwara muzvinhu zvandinofanira kuita nokutaura, mumazuva iwaya ari kuuya.

²³⁸ Tungamirirai nokupa gwara kune Hama yedu yakakosha Neville, muranda weNyu uyu mhare, Ishe; uyewozve Hama Mann, nemadhikoni emucheche, nematirastii, nemunhu wose anouya kuungano ino.

²³⁹ Tigadzirirei, Ishe, kuitira kuti tigokwanisa, nenzira cha—chaiyo yeChikristu, kuunza vatadzi kwaMuri, uye nokusvitsa nhengo dzecheche pakuziva Mwari watinoziva, uyo watakasangana naYe pazvima, itai kuti Agova Mwari wavowo, zvakare. Zvino, Baba, izvi hatigone kuzviita, hatikwanise kuvatumira muno. Asi Imi, Mweya Mutsvene, fambai nepamusoro pavanhu, nhengo dzemacheche edu.

²⁴⁰ Uye sechiitiko chiduku chandakava nacho neMi pane mamwe mangwanani, “Enda unotorera Mwanakomana wangu Mwenga. UMutore kubva pakati pavanhu, pakati pamacheche. Dhonza ubuditse Mwenga iyeye.” Nditenderei, mumunamoto zvino, Ishe. Imi chitumirai Rebheka wacho; ini ndichaedza kuva Eriezeri. Ndibatsirei kuva muranda akatendeka. Uye dai Mwari woKudenga akatuma Ngirozi yaKe mberi kwangu, mberi kwedu, kuti tigatora zvinhu pamwe chete uye nokusarudza Mwenga waAkasarudza. Tazvikumbira nemuZita raJesu. Amenii.

²⁴¹ Iye zvino, ndine urombo kukuchengetai kwenguva yakarebesa. Dzapfuura nemaminitisi makumi maviri nemashanu. Ndaifanira kunge ndabuda muno, maminitisi makumi maviri nemashanu apfuura. Asi, zvino, munofarira here chimbo chakare, “Tora Zita RaJesu Pamwe Newe”? [Ungano inoti, “Amenii.”—Mupepeti.] Hazvina here kunaka? Ndachiimba zvino kwemakore makumi matatu nematatu, sechimbo chekuperadzana. Rubhabhatidzo mumvura, “Pamahombekombe eJorodhani rine mafungu ndimire.” Uye ndinofunga kuti ichi chakaisvonakisa, “ChingoRitora kwose kwaunoenda!”

Zita rakakosha, O rinotapira!
 Tariro... (Zvino kwazisana nemunhu ari
 pedyo newe.)
 Zita rakakosha, Zita rakakosha, O rinotapira!
 Tariro yenyika nomufaro weDenga.

242 Zvino rangarirai shumiro yanhasi manheru, seven-thirty, seven-thirty manheru ano. Zvino ngatingoimbai vhesi rimwe, munoono.

Tora Zita raJesu pamwe newe,
 Sechidziviro kumiteyo yose;
 Kana miedzo yakupoterredza... (Unoitei
 pakadaro?)
 Unongofema Zita dzvene iri mumunamoto.
 Zita rakakosha, O rinotapira!
 Tariro yenyika nomufaro weDenga;
 Zita rakakosha, O rinotapira!
 Tariro yenyika nomufaro weDenga.

243 Pane vauya here kuzobhabhatidzwa mushure mesevhisi ino? Kana varipo, simudzai mawoko enyu. Mumwe munhu anoda kubhabhatidzwa? Vaviri, zvakanaka, vanoda kubhabhatidzwa mushure mesevhisi ino. Kana imi vamwe mose, ani zvake wenyu anoda kubhabhatidzwa, tichava nerubhabhatidzo pane imwe yamasevhisi aya. Chaunofanira kungoita chete kukumbira. Takagadzirira kukubhabhatidza. Ndiro basa redu, kukubhabhatidza muZita raJesu Kristu. Ibaso redu kuzviita. Uye tichafara kuzviita, chero nguva. Imi munoda kubhabhatidzwa, chingoendai kumakamuri, iko zvino sevhisi ichingopera, zvino tinobva taenderera mberi nerubhabhatidzo mumvura. Kana paine anoda kuvatevera, uchava nechokwadi kuti tiri pano... kana watendeuka zvivi zvako uye wagamuchira Jesu seMuponesi wako.

244 Wanga uri Mukristu kwemakore akawanda, uye usina kumboona Chiedza, uye Chiedza cherudzikinuro chauya zvino. Mudzimai, Mwenga unofanira kutora Zita! Jesu wakati, “Ndakauya muZita raBaba vaNgu, uye hamuna kuNdigamuchira. Asi kuchava nemumwe achauya muzita rake, iye ye muchamugamuchira,” Ndiro sangano renyu.

245 Mwanakomana wose anouya muzita rababa vake. Ndakauya muzita rababa vangu. Imi varume munouya muzita rababa venyu.


246 Zvino Zita raKe rainzi ani, Zita raBaba rinonzi ani? Jesu! Iye, “Ndakauya muZita raBaba vaNgu, hamuna kuNdigamuchira.” Iye zvino Mwenga waKe uchange uine Zita raKe, ndizvo chaizvo.

247 Ndakawana mudzimai, aiva nezita rokuti Broy, zvino akazova muBranham.

248 Ari kuuya kuzatora Mwenga, iva nechokwadi uye ugozviringarira paunouya muchidziva.

Ngatikotamisei misoro yedu zvino.

249 Uye Hama Vayle vari pano havasi muyenzi kwatiri. Ihama yakakosha zvikuru, vakava neni mumisangano yakawanda,

ivo nemudzimai wavo. Uye ndivo munyori zvino wemharidzo idzi nezvinhu zvinodhindwa munabhuku. Hama Vayle, mungatiparadzanisewo here nemunamato, apo takakotamisa misoro yedu. [Hama Vayle vanonamata—Mupepeti.] 

KUNYARA SHO65-0711
(Ashamed)

Mharidzo iyi naWilliam Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, 11 Chikunguru, 1965, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2014 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org